

BATAY OUVRIYE

AKS LIT



POUSWIT MOBILIZASYON

Oktòb 2008

KONTNI DOKIMAN AN

ENTWODIKSYON	p. 1
AKS GLOBAL SIDETÈMINAN	p. 8
Lit kont plan neyoliberal la	p. 9
Lit kont okipasyon / pou dezokipasyon	p. 14
Nesesite yon lòt leta	p. 17
Nesesite konstriksyon yon mouvman demokratik popilè	p. 19
AKS GLOBAL PATIKILYE	p. 20
Chomaj – salè – lavichè	p. 20
Pwoblèm tè a – pwodiksyon agrikòl la	p. 24
Batay sou kad legal klas dominan yo	p. 26
Revandikasyon nou nan espas vil yo	p. 27
Sou kesyon lekòl, ledikasyon ak ansèyman	p. 28
Sou kesyon sante	p. 33
Nati mondyal klas ouvriyè a – aspè entènasyonal lit global la	p. 35
Lit ideyolojik	p. 37
KONKLIZYON	p. 39

Jounen jodi a, enpeyalis yo ap travèse yon kriz ki gen tandans vin pi fon chak jou. Li pran divès fòm. Menm jan ak pou tout lòt yo, y ap chèche solisyon, men pa gen anyen nouvo. Sou yon bò, anndan peyi yo menm, kriz l ap bay gwo laperèz. Yo te deja prevwa li t ap pran dimansyon sa a men yo menm tou yo pa gen solisyon fondamantal. Yo globalman bout. Kriz finansyè a montre sa klèman; li menm fòse yo demaske tèt yo e montre fayit oryantasyon neyoliberal la: leta blije ap entèveni omaksimòm pou gade sa ki ka fèt. Sou yon lòt bò, fòk yo toujou kontwole matyè premyè yo e, pou sèten sektè nan pwodiksyon an, kontwole mendèv bon mache a.

Nan peyi domine yo kriz la ap vin pi fon e gen limit yo pa swete atenn. Yo pè eklatman-boulvèsman. Tou sa lakòz, malgre inite y ap fòse genyen onivo leta anfas “kriz finansyè mondyal” la pou eseye kontwole li, pandan lagè sou kesyon ekonomik yo kontinye devlope, lagè nan sans militè tèm lan ap pran plis anplè. Lè se pa lagè, se entèvansyon pou kenbe kontwòl. Se sèten, si n ap gade ane 80 yo kote kontradiksyon ak enpeyalis ris lan te bay « solisyon » li yo (kote sèten moun te menm pè yon 3yèm gè mondyal), jounen jodi a, ejemoni ameriken an vin mete nou devan dèt fòm : kontwòl l ONI, dominasyon lòt peyi pou sèvi ak lame pa yo, inite ant enpeyalis pou fè fas a sèten pratik global ki konsènen yo tout... Tou sa vin ban nou kalite sitiyoasyon nou genyen devan nou : lagè Afganistan, Irak, e, nan ka pa nou : okipasyon Ayiti. Yo chak gen spesifisite pa yo. Nan ka pa nou, pou rive tabli yon kontwòl sou peyi a, devan yon leta ak klas dominan an fayit, devan yon tiboujwazi san pèspektiv politik e ki an fayit tou, devan yon kriz lejitimite, reprezantativite politik tou louvè... yo blije entèveni. Dirèkteman nan yon premye tan, e atravè l ONI ak apyi lòt peyi, an patikilye peyi Amerik Latin yo, nan yon dezyèm tan. Kalite entèvansyon sa a gen istwa li, li gen rasin li non sèlman nan evolisyon konkrèt fòmasyon sosyal ayisyen an men nan istwa rapò l ak enpeyalis yo tou.

Avèk depa Janklod Divalye, yo te vle fè kwè sa ki t ap regle, se yon kesyon kraze diktati pou vanse nan demokrasi. Anfèt, se te yon pawòl pou maske vre pwoblèm yo, reyalite a. Se vre, yo vanse. Men, si n ap gade rapò ant klas yo, si n ap gade devlopman kriz la nan peyi a, nou ka di nou piplis rantre nan yon twou.

Gen chanjman ki fèt : ekzistans lit yo, an patikilye lit mas popilè yo depi 85-86, nan fòm yo pran an, se yon gwo chanjman. Se youn nan kòz fondamantal ki anpeche klas dominan yo jwenn yon solisyon ki ta nan pwòp enterè yo. Konkrètman, gen divès ouvèti demokratik ki rive fèt, kit se nan vil yo, kit se nan milye riral la. Aparèy, estrikti akayik divalyerism lan te vini ak yo, oswa te pèmèt kontinye ekziste, vin eklate. Fòm leta a chanje globalman, menm si li pa janm rive estabilize tèt li. Pwoblèm dwa demokratik yo vin ap poze e mas popilè yo rive rache divès nan yo, an patikilye dwa pou yo òganize ak dwa pou yo ekspriye tèt yo, menm si se toujou apati lit an pèmanans e anba gwo represyon. Tou sa fèt nan kad dominasyon klas dominan yo ak enpeyalis yo, malgre fayit yo a. E, nan kad chanjman fòm leta a, klas dominan yo pral jwe sou Konstitisyon ak eleksyon pou eseye chita dominasyon yo sou mas yo. Li pap fasil. Se sa k pèmèt, malgre tout tantativ yo, kriz lan vin pi fon e ap pete sou de fòm nouvo, an espiral.

Men, si nou dwe klè sou sa ki chanje, nou dwe klè tou sou sa ki pa chanje.

Pwojè enpeyalis yo parèt depi nan lane '80 yo. Onivo ekonomik, oryantasyon yo te piplis baze sou soutretans, pwodiksyon agrikòl pou espòtasyon e, si posib, tourism. Nan moman an, pwojè sa a an fayit total. Pi rès : kounye a, yo pa gen altènativ, menm si sèten ansyen moun « de goch », sou pretèks reyalism, soti pou fè nou souse menm po kann lan ankò, pandan dèt, an bon tchoul enpeyalis, deja ap eseye fòse aplike pwojè a trè malman, jouk yo ka menm vle fòre lakilti yon fòmasyon sosyal anba “tourism”!

Revolisyon ki vin abouti a 1804 la e bay « peyi d Ayiti », menm si li te pi radikal, pi avanse, kite yon teritwa detwi e, sitou, yon fòmasyon sosyal izole. Anbago yo vin fòre nan kòsaj nou touswit apre, mete sou dèt klas dominan yo asepte peye (yo te konnen yo t ap fè tout chay la tonbe sou do travayè yo an final) lakòz difikilte anvayi. Nan yon peryòd kote klas dominan yo t ap enstale yo, nouvo rapò sosyo t ap parèt e konsolide yo. Nan kontèks sa a, antagonism ant klas yo vin pi file ; kontradiksyon nan mitan klas dominan

yo devlope sou fòm pi egi. Tou sa fè nou pa t ka genyen yon nasyon solid an lagan. Okontrè, se yon nasyon rabougri ki vin ap devlope. Konsa, soti nan revolisyon pi estraòdinè epòk lan, nou vin genyen fòmasyon sosyal pi vilnerab la, ak, sou yon bò, klas dominan pi divize e pi fèb yo ak yon leta ki pa janm rive fin konstwi tèt li e k ap vin jou an jou pi enkapab e, sou yon lòt bò, klas domine ki pi nan kanno posib, pi meprize, kote yo pa janm rive rekonèt valè yo, valè fòs travay yo.

Tou sa devlope nan yon peryòd kote non sèlman te gen monte enpeyalism ameriken an men tou kote konfli ant enpeyalis yo pou kontwòl kontinan an t ap vin pi gran. Konsa, enpeyalis ameriken yo anvayi divès peyi nan rejyon an. Ayiti pa t epaye. Yo entèvni an 1914 e anvayi kareman an 1915, pou okipe peyi a pandan 19 lane. Pou sa fèt, li te nesèsè genyen yon kouvèti politik ak ideyolojik. Konsa, atravè listwa, toujou ak fòs e ak akò yon pati nan klas dominan yo mete sou wòl politisyen sousou yo, yo vin souse dènye ji peyi a (matyè premyè, mendèv salè mizè a, sèvo...).

200 lane listwa mete fòmasyon sosyal lan nan yon sityasyon kriz jeneral. Si nou remonte nan peryòd Franswa Divalye, nou ka di : pou yon bout tan, ejemoni boujwazi biwokratik la pèmèt toufe kriz lan, men, piti piti, li vin ap parèt tèt li ouvètman e, nan fen rejim sila a, li te deja kòmanse ap pete ak fòs. Vreman vre, nan fen Janklod, nou fè fas ak divès kalite kriz gouvènmantral, kote chanjman minis te vin yon mekanism pèmanan pou eseye retabli yon estabilite, men sa pa t bay anyen ; mete sipè minis vin yon lòt tantativ ...ki pa bay anyen nonplis ; chanje tèt lame a ...menmman ! ...jouk Janklod vin oblije pati anba yon mobilizasyon ki te rive pete senti sekirite makout tout plim tout plimay ki te fin pran peyi sa a pou yo. Lè a, anpil moun vin konprann bagay yo regle definitivman, yo menm pale de « Ayiti libere », « dezyèm endepandans », « diktati fini, demokrasi pral jenmen »! Byen konte, mal kalkile (oswa, tou senpleman : pa konprann), se lè a kriz la vin pete pi rèd: li vin tou louvè. Lè a, yo di : « se yon tranzisyon ki pa vle fini »... An reyalyte, tout se pawòl !

Pi preziman (e pi pwofondeman), se estrikti fòmasyon sosyal lan ki fin an degraba, se dominasyon san pataj klas dominan yo ki rive bout. Sou yon bò, yon kriz ejemoni ak reprezantativite ap repwodyi tèt li san rete, ki fè kriz leta a vin total kapital. Sou yon lòt bò, onivo ekonomik, pwojè lespwatasyon enpeyalis lan vin bloke. Kidonk, nan tout nivo, nou vin gen yon peyi an fayit ! Klas dominan yo ki pèdi kontwòl sityasyon an nètalkole, vin ap ranpe, bagay ki pèmèt pwòp enpeyalis k ap apiye sou yo a trete yo de « pi repiyan » ! Leta a, li, vin tounen yon senp refij pou mandyan ak vòlè. Pandan enpeyalis yo toujou ap eseye mete sou pye menm pwojè yo a : yon pwodiksyon pou espòtasyon baze sou lespwatasyon san limit yon mendèv pwòp yo menm ansanm ak sousou pa bò isit yo fin rann pi bon mache, kote soutretans ak tourism t ap gen pou jwe yon gwo wòl e peyi a t ap gen pou enpòte tout pwodyi li ta bezwen.

Etan done pèsistans kriz lan e nan kad kontradiksyon klas dominan / klas domine yo k ap vin pi file, pi antagonik e, kidonk, pi eksplozif, vin gen nesèsite yon leta ankò pi grenn kraze pou defann enterè yo. Men, an menm tan, tip devlopman dinamik yo te wè a, mete sou kontèks entènasyonal la ki pèmèt e menm yon sèten manyèr enkli lit pou dwa demokratik yo, tou sa mande yon sèten ouvèti, yon sèten liberalizasyon, apre « 30 lane diktati » a. 2 nesèsite sa yo an kontradiksyon klè ! Kontradiksyon ki pral repwodyi tèt li pandan tout peryòd « apre Divalye » a, jouk jounen jodi a. Konsekans dirèk : fayit la vin ankò pi gran, kriz la vin ankò pi pwofon, pi global e, kounye a, ak yon potansyèl gè sivil.

Sityasyon sa a ka vin gen efè sou lòt peyi rejyon an, sitou ke pwòp yo menm ap pase nan yon peryòd trè frajil tou, trè an boulvès. Yon kriz global, kidonk, ki gen potansyèl ak kapasite destabilize tout zòn lan. Devan tout kontradiksyon enposib pou jere sa yo, devan enkapasite klas dominan yo ansanm ak leta reyaksyonè yo a pou metrize sityasyon an, enpeyalis lan, ak akò klas dominan yo, pa t gen 2 solisyon : okipe peyi a ankò yon fwa. Yo te déjà entèvni an 1994, sou demann Aristid menm, anba kouvèti « restore demokrasi », bagay ki vin louvè pòt yo byen gran - « Thank you Mistè Clinton ! » - pou legalize tout kalite

entèvansyon sa yo anba dra l ONI. Konsa, sila 2004 la pati sou menm elan an, menm si se pa menm aktè sosyo dominan yo ki benefisye pi dirèkteman.

Anba okipasyon an, malgre tou, yo toujou pa ka jwenn solisyon ki pou ta estabilize sitiyaasyon an, menm si yo toujou ap fè tou sa yo kapab pou aplike pwojè yo a. Peyi a ap degrade piplis, esplwatasyon an ap ogmante. Kit se nan reyalite a (ogmantasyon kadans travay yo), kit se nan pozisyon reprezantan boujwa yo ap pran piblikman (derefize ajiste salè minimòm lan jan lalwa mande l lan), sa parèt aklè. Mizè mas yo ap kimen java, chomaj la vin pi rèd...

Pandan tan sa a, pwojè enpeyalis lan pa t gen pwoblèm entegre pwodiksyon agrikòl dimwatye a. Sa pèmèt yon transfè valè an pèmanans, kidonk yo grefe tèt yo sou li. Si gen yon bagay ki pa chanje, se pwodiksyon akayik dimwatye a ! Se baz pwodiksyon nan agrikilti a ki pa ka reponn ak reyalite evolisyon jeneral fòmasyon sosyal lan. Sa pèmèt enpòtasyon yo vin ap ogmante pi rèd.

Globalman, kidonk, antagonism lan vin pi gran ant 2 kan yo. Pandan klas dominan yo ansanm ak enpeyalis yo toujou pa gen yon solisyon vyab, ejemonik (se yo ki se prensipal responsab blokaj lan, prensipal responsab pèmanans kriz lan) kan pèp lan, li menm, pa ini, li poko gen kapasite vini ak altènativ pa li a, sou baz enterè pa l. Politisyen ak opòtinis tout kalite nan tiboujwazi a fasilite sa, yo devye lit li, devye mobilizasyon l, dezòganize l, dòmi sou li : se enterè klas dominan yo y ap sèvi.

Malgre tou ! Wi, malgre tou, gen sèten bagay ki chanje. Vreman vre, apati prensipalman presyon mobilizasyon mas popilè yo, gen chanjman nan fòm leta a. Sa pèmèt mas yo kontinye vanse nan lit yo e rive rache divès dwa demokratik, kit nan vil yo, kit nan milye riral la. Bagay ki, ankò, favorize devlopman kriz lan, etan done klas dominan yo pa ka asime chanjman sa yo vre ni ke tiboujwazi a pa gen kapasite pou fè yo chita. Dominasyon enpeyalis lan vin klèman pi dirèk e, jou an jou, ap vin pi pwofon, kit se nan pwa transnasyonal yo, kit se ak fòm dominasyon politik la pran (titèl - okipasyon), menm si sèten responsab wo nivo nan leta a ap chache tout mwayen pou fè kwè « nou toujou yon peyi ki gran moun tèt li », oswa pandan pi fò reprezantan tiboujwazi a rantre nan yon kolaborasyon ak okipan an e entegre tèt yo an chatpent nan leta mandyan anba titèl lan.

Sa ki pi enpòtan nan tou sa : Ayiti vin ap jwe yon wòl laboratwa pou enpeyalis yo. Toudabò, se te yon premye egzèsis pou yo tounen ofisyèlman, ak fòs ame pa yo, ak yon prezidan ki te pran koudeta, anba kouvèti l ONI, l OEA. Se, ankò yon fwa jounen jodi a, okipasyon pi resan 2004 lan, toujou anba kouvèti l ONI, men fwa sa a ak lame divès peyi, an patikilye sila Amerik Latin lan. Sitiyaasyon okipasyon sa a, sou pretèks se « zanmi k ap ede nou », klas dominan yo, ansanm ak politisyen reyaksyonè osèvis yo, konsolide l nan tou sa yo kapab, an bon sousou ke yo ye. Enpeyalis yo, ansanm ak kolaborasyonis tout plim tout plimay sa yo, tou mete leta sou kote, pou sèvi ak ONG k ap fè travay yo pou yo. Nou rantre (ou retounen) nan yon peryòd kote « pèp sivilize ap pote demokrasi (pèpè) bay pèp retade » !

Nan estrikti sosyal yo, gen chanjman ki fèt. Pwodiksyon agrikòl la bese, pandan sektè bank la ap ogmante. Sektè sa a ap pran pòz demokrat li pandan l ap pran pwa. Boujwazi gran vil yo, an patikilye sila Pòtoprens lan, ap fòme gwoup, y ap soti anba beki boujwazi biwokratik la te ba yo, pou chache afime tèt yo antanke boujwa, menm si se ak gwo difikilte. An fèt, se restriktirasyon klas dominan yo ki te kòmanse sou Janklod Divalye k ap vanse, men san yon altènativ klè.

Nan kontèks sa a, sèn politik lan vin gen yon gwo enpòtans. E, pou fè fas ak kontradiksyon nouvo sa a (afimasyon antanke klas sou sèn politik lan, men san baz pou yon pratik politik dominan, ejemonik), nou vin jwenn yon rediksyon ti moun piti kote eleksyon egal demokrasi, konstitisyon egal demokrasi. Men, la ankò, pwoblèm yo reparèt : etan done mas yo, depi sa nesèsè, anvayi sèn sa a tou, itilizasyon rediksyon rizib sa a pa pèmèt rezoud kriz lejitimite, reprezantativite, leta a globalman, ki toujou devan yo. Yo pa menm ka

aplike konstitisyon an, etan done blokaj klas pi akayik yo ak sila pi « repiyan » yo pa pèmèt menm sa. Jounen jodi a, politisyen rabi yo menm vle montre se konstitisyon an ki pi gwo pwoblèm lan.

Nan jwèt sa a, chak fwa mas popilè yo fè santi yo sou sèn lan, se pou bloke pi move kou yo ka pran, yo vle ba yo, yo vle bay peyi a. 91 montre sa, 2005-2006 tou. Men, rezilta final la, se toujou yon seri patekwè ki vin pou rich nan leta an 2 tan 3 mouvman, ak yon seri flatè sou kote yo. Konsa, vin gen jwen pou tout kalite opòtinism, kliyantelism, pratik abolotcho, divizyon, chire pit, gaspiyaj militan, pouriti... Nan kontèks sa a, divès pratik lit vin devwaye konplètman, pandan nou jwenn kay ansyen pwogresis oswa ansyen militan « popilè », divès fòm awogans, pandan y ap konplè yo nan de pratik klèman renega. An reyalye, si fòmasyon sosyal la nan yon moman global pourisman sitèlman wo, se poutèt klas dominan yo pa gen solisyon men, anfas, se poutèt mas yo pa ka vini nonplis ak ALTÈNATIV pa yo. Doub aspè pourisman sa a manifeste l a tout nivo.

Gen yon sèl solisyon pou depase sitiyasyon sa a : devlopman reyèl lit popilè yo, afimasyon reyèl yon vre altènativ demokratik popilè. Sa mande gade sitiyasyon an sou bò mas popilè yo. Tou dabò, nou dwe klè, tout chanjman ki fèt nan peryòd sa a, se gras a lit popilè yo. E, si klas dominan yo toujou pa gen solisyon, se paske mas popilè yo monte teren an ak yon sèten fòs e deranje yo. Men, malgre tou, sa fèt ak gwo limit. Menm si nou byen delimitè lit demokratik popilè yo ak sila boujwa yo e ke nou rekonèt te gen lit demokratik popilè. Men yo te gen limit nan konstriksyon, limit nan kontni, nan konstans yo, nan ritm yo. Youn nan kòz limit sa yo, se limit òganizasyon mas fondamantal yo e lefèt nou te toujou anba direksyon tiboujwazi a, pwosesis ki pral vin bay, finalman, òganizasyon k ap travay nan enterè klas dominan yo dirèkteman. Pou nou gade lit nou gen pou mennen jounen jodi a, pou nou presize aks lit nou yo, nou dwe klè sou sa. Nou dwe klè sou sa e nou dwe rektifye sa avan tout bagay.

Tou dabò, nou dwe toujou vanse nan yon delimitasyon deplizanpli klè, jouk li vin klè kou dlo kòk, ant lit demokratik boujwa ak lit demokratik popilè. Aks lit nou yo dwe pèmèt vanse nan sa, pandan y ap pèmèt konsolide lit demokratik popilè yo answa. E, si sa fèt apati enterè travayè yo, pratik sa a dwe pòte jèm ale pi lwen e anpeche tout rekiperasyon.

Èske sa ap rezoud kriz la ? ...Se pa objektif nou. Sa ka lakòz, okontrè, kriz lan ap vin pi fon. Men sa ap pèmèt sètènman ranmase fòs e déjà rantrè nan solisyon reyèl kriz lan, pandan n ap deja rantrè nan reyalye enterè imedyà travayè yo, mas popilè yo. Kidonk, konsa, gen avanse k ap fèt. Tankou, malgre limit nou mansyone yo, genyen ki deja fèt. Toujou gras a lit mas popilè yo.

Limit nan kad lit sa yo, non sèlman pa pèmèt konsolide tout bon òganizasyon mas yo men, piplis, bay baz pou devyasyon, rekiperasyon, e menm itilizasyon kont enterè mas yo. Gen egzanp Konakòm, gen egzanp wòl sètèn « pati » politik rive jwe, gen egzanp gwoup 57, osnon, pi resaman, 184... Sou dèt fòm, divès politisyen sèvi ak sètèn revandikasyon mas yo pou rive devan sèn politik la, alatèt lit yo, men prensipalman e fondamantalman pou eseye vin fè pati klas dominan yo e rezoud kriz la nan enterè pa yo, kidonk, finalman, nan enterè klas dominan yo globalman, menm kant yo pòte kontradiksyon (ki konn twòp pou klas dominan etabli yo, bagay ki bay dezakò ak lit ant yo, dezakò ak lit ki ka rive jouk afwontman konkrè... men ki toujou mache ak rekonsilyasyon, ant zanmi yon menm kan). Se egzanp divès moman nan devlopman kouran politik lavalas la (ki depann de sa yo ka rele ‘mouvans global lavalas la’).

Nan kontèks sa a, lit mas popilè yo fonksyone nan limit sa demokrasi boujwa a bay yo ; yo fèt nan kad yon dominasyon politiko-ideyolojik klas dominan yo. Globalman, yo pa oryante nan enterè reyèl mas yo, kit se enterè istorik yo a lon tèm, ni menm enterè imedyà yo. Menm lè gen aki, vin gen rekiperasyon osnon bak. Se pa lit ki bay baz pou vanse konsyaman pou pi devan.

Andedan tou sa, èske pa t gen okenn baz pou vanse ? Èske se apati zewo n ap derape ? Sètènman, se non. Pou nou byen gade batay ki dwe mennen yo, pou nou byen presize AKS LIT nou yo e, sitou, kouman goumen pou reyalize yo, li nesèsè nou konsyan atravè tout peryòd la, menm si gen reniman, dezèsyon, dejeneresans, pourisman... gen moun, kouran, òganizasyon ki rete konsekan, malgre tout difikilte. Gen lit ki mennen nan divès chan, gen pratik ki fèt e ki gen potansyèl pou yo devlope ; genyen ki izole youn lòt, genyen ki se klas diferan ki fè yo; genyen se alenteryè diferan klas. Limit devlopman yo, se nan kontèks devlopman global fòmasyon sosyal la pou nou konprann li. Nou dwe mennen batay pou atikile tout lit sa yo, nan yon menm mouvman e, pi devan, yon menm òganizasyon ; sa ki pou inifye dwe inifye, sa ki pou alye dwe alye... san bouyi vide, san amalgam popilis nou jwenn jounen jodi a. Se lit sa yo, ansanm ak pwosesis rapwochman / inifikasyon / alyans sa a k ap bay baz pou fè lòt fòs parèt, lòt kalite fòs... e, konsa, menm rive ralye sèten 'timid' ki konn ap jistifye timidite yo apati absans altènativ lan e, finalman, al ranfòse kan klas dominan yo.

Nan tan ki fèk pase yo, gen gwo mobilizasyon ki fèt, men yo pa rive pèmèt mas yo pran otonomi yo. Sa montre feblès yo, an patikilye sa montre politizasyon ki fèt depi depa Janklod Divalye a piplis fèt an lajè pase an pwofondè. Vreman vre, nivo konsyans mas popilè yo rete demokratik e pratik k ap fèt yo toujou kenbe li nan nivo demokratik boujwa a. Men, malgre tou, pou presize lit yo jounen jodi a, pou defini aks lit yo, li enpòtan nou klè tout kontradiksyon k ap mangonmen piplis jou an jou yo, rann sitiyoasyon an eksplozif ! E sa ap toujou mennen a divès eklatman. Nou dwe kapab prevwa yo e travay pou prezan konkrètman ladan yo. E, si gen fòs, travay pou yo ka rive fèt menm. Pandan n ap byen trese aks lit nou yo ak posibilite / nesosite eklatman yo. Nou dwe metrize pwosesis lan, swit li, avansman l, apati lit yo menm, nan pratik lit lan menm. Menm eklatman nou gen dwa pa metrize yo (ki kapab soti nan manipilasyon) fè pati pwosesis lan, depi prezans popilè a la e ap pòte revandikasyon pa l. Lè a, n ap la tou, pandan n ap fè vanse revandikasyon yo, mobilizasyon an, òganizasyon otonòm mas popilè yo, pandan n ap denonse e konbat manipilasyon an.

Jounen jodi a, nou fèk pase yon moman nan lavi politik peyi a ki gen yon sèten enpòtans : kriz gouvènmanntal ki dire 4 mwa a montre nou pwofondè pourisman an, kote kriz reprezantativite a pran divès aspè nan kontradiksyon klas dominan yo ; men li montre nou tou kapasite yo toujou genyen malgre tou pou reyisi opere devyasyon yo te bezwen an fas a eklatman ki te pete apati kesyon pri manje a. Vreman vre, anyen pa rezoud men mas popilè yo rantre lakay yo. Palman an te jwe yon gwo wòl nan sa, kit nan jete premye minis lan kòm kwa se te kòz pwoblèm lan sa, kit nan fè dilatwa sou dilatwa pou mete yon lòt. Sa montre nou atikilasyon diferan branch aparèy leta klas dominan yo, kote youn vin osekou lòt pou ranpli wòl reyaksyonè yo gen pou jwe a, nan enterè klas dominan yo. Divès kouran te montre pou lit yo kontinye. Nou menm tou nou te montre sa. Men gen yon travay ki pou fèt pou vanse nan sans sa a. Eklatman ki te fèt la mande apwofondi, depase, ogmante, pou se nan enterè mas yo tout bon li fèt. Revandikasyon ki te parèt yo toujou gen enpòtans yo : grangou, lavichè, pwoblèm ak Minista, kidonk okipasyon. Men fòk gen yon liy serye pou rebran lit yo e fè yo vanse kòm sadwa. Rantre lekòl la ansanm ak siklòn ki blayi sou peyi a montre nou preyokipasyon imedyà yo retounen pi rès, menm si fòk nou pran chak pwoblèm nan fondman li. Ann atandan, fòk nou vanse ! Nou pa ka pran nan kontradiksyon nan mitan politisyen, lènmi nou yo, pou nou fè yo vin prensipal. Nou dwe byen kenbe kont de yo, yo montre feblès yo, men se sèvi nou dwe sèvi ak yo pou nou vanse nan enterè reyèl pa nou e pa kite yo mistifye nou. Se te menm bagay ak kontradiksyon Lavalas / GNB : 2 bò bounda pouri nan yon menm kanson chire ; se menm bagay la jounen jodi a nan kontradiksyon ant lespwa ak lòt kouran politik boujwa yo, oswa ant ekzekitif ak palman. E, pou nou pa kontinye rete mistifye, fòk non sèlman nou bati ÒGANIZASYON AK LIT OTONÒM nou men fòk se nan BATAY nou mete yo kanpe. La ankò, sa mande LIY e, patikilyèman nan moman an, sa mande AKS LIT klè.

Globalman, nou ka di nou devan plizyè obligasyon. Pratik pou fè fas a yo dwe byen trese youn ak lòt.

- Li nesesè nou pwofonde lit ki deja mennen yo e, nan sa, lit avril yo an patikilye, etan done kondisyon objektif yo toujou rete menm.
- Li nesesè, nan kad lit sa yo menm, konstwi yon Mouvmman Demokratik Popilè, ak fòs ki ka pèmèt konstwi l yo.
- Li nesesè atikile prezans nou nan mitan mas yo, san popilism, san bouyi vide, ak yon prezans sou sèn politik lan louvè e fò. Depasman pourisman an mande atikilasyon 2 aspè sa yo.
- San tonbe nan okenn fòm elektoralism, nan konsevwa itilize pwosesis boujwa sa a, nou dwe gen yon PWOGRAM depi kounye a. Fòk nou vini ak yon ALTÈNATIV GLOBAL POU PEYI A. L ap atikile ak AKS LIT nou yo, ak lit konkrèt nou yo. Nou dwe fòse deba sou li, lit nou yo dwe fòse deba sou li; nou dwe fè konfwontasyon pèmanan ak oryantasyon lòt klas yo, reprezantan lòt klas yo. E, nan sa ak nan kad lit nou yo, travay pou mas yo apwopriye li. Nou dwe konsyan tout pwogram dwe gen dinamik li, apati nouvo eleman k ap parèt yo, apati devlopman reyelite a e meyè konpreyansyon li, apati lit konkrèt yo.
- Li nesesè presize aks lit yo e rantre nan batay APATI ENTERÈ REYÈL NOU. Nan yon moman kote nouvo dirijan sila yo ap anvayi nou ak jeneralite e fè nou kwè y a gen tan vini ak prezizyon, nou dwe klè prezizyon ki ale nan sans enterè nou, se nan kad lit nou yo sèl y ap vini. E, nan sa, fòk nou klè: **kad global enpeyalis yo ap foure nan gagann nou PA SOLISYON! Okontrè, nou gen pou nou KONBAT LI. Ak tout detèminasyon men tou ak tèt klè, an granmoun.**

Jan nou kapab wè, nou pa pale sou AKS LIT tankou si se ta yon senp refleksyon. Nou fè l non sèlman apati lit pa nou, men tou apati lit global ki devlope, k ap devlope ou ki ka devlope nan peyi a. Se pou sa nou di klèman: “Aks lit / Pouswit mobilizasyon”.

*

Anvan nou presize aks lit yo, li nesesè nou fè 2 remak.

Premyèman, nou menm, nou te toujou eseye prezan nan mitan lit global yo, men lè yon fòs politik k ap chache gen yon oryantasyon nan enterè reyèl travayè yo vle afime li nan kad pratik global sa yo, li jwenn blokaj tout kote, tout kalite. E nou pa rive afime nou nan nivo sa a jan nou ta vle.

Gen divès rezon. Tou dabò, limit pa nou: limit nan ranfòsman nou antanke òganizasyon, depasman konkrèt tèt nou pratik sa yo mande, konsantrasyon sou aspè sa yo ki, yon sèten manyè, pa an faz dirèk ak pratik kotidyen lit nou... Men gen limit mas popilè yo globalman tou, limit konsyans demokratik la bay, nati fòmasyon sosyal la e, nan sa, limit klas ouvriye a. Tou sa kreye kondisyon pou yon popilism kontradiktwa pran chè. Kontradiktwa poutèt, si gen sèten eleman pwogresis k ap goumen pou yon sèten chanjman reyèl, gen dèt tou ki kareman reyaksyonè, tou sa nan kad yon pwosesis dejeneresans jeneral. Lò, atò, popilism lan rive nan tèt leta a, li pral rantre nan apwofondi pourisman global la e aksantye bak lit yo te deja ap pran, devye vyolans lan, jouk li pral kareman, jounen jodi a, devwaye l totalman. Tou sa vin trè nefas e rann afimasyon kouran nou an ankò pi difisil. Youn nan feblès nou dwe rezoud, se: pòte yon altènativ nan lit global yo, ak yon konsyans klè kote altènativ sa a pa ka e pa dwe yon altènativ teyoriko-politik. Se dwe avan tou yon pratik. Se sa k fè se premye konsiderasyon nou dwe genyen.

Dezyèm remak la konsène lefèt nan zòn enplantasyon nou, nou rive, a yon sèten degre, pote yon altènativ, kit se nan fòm lit yo dwe pran oswa nan fòm ak estrikti òganizasyon yo dwe genyen. Li nesèsè elaji li, pèmèt reyonman li, pandan n ap inifye diferan detachman l yo an menm tan. Lit la ba nou yon sèten esperyans, e nou baze nou tou sou esperyans pase nasyonal kou entènasyonal.

Youn nan aspè pozitif esperyans pa nou, se enpòtans PLATFÒM LIT yo ki rive atikile, dinamize e inifye lit nou yo. Pa ka gen lit san òganizasyon e pa ka gen òganizasyon san yon platfòm lit klè. Se konsa nou vanse, nan kad delimitasyon diferan kategori travayè yo, ak yon konsyans klè sou diferans ant klas yo e konsekans diferans sa yo genyen. Sa pèmèt separe yo klèman pou pi mye òganize yo, answit pi mye kowòdone yo pou inifye lit yo. Nou gen pou baze nou sou platfòm lit nou te mete sou pye yo nan kad e pou lit la yo menm, e tire leson de rezilta yo te bay, tou sa pou konstwi aks lit yo jounen jodi a ak tout priyorite ki dwe genyen.

Nan baze nou sou esperyans pa nou, sila ayisyen pase yo tankou sa entènasyonal yo, nou ranmase aspè pozitif nan lit global mas popilè yo mennen yo. N ap gade aks lit ki nesèsè jounen jodi a yo, nan yon dinamik kote nou reyèlman ap poze kontinyite yo, pouswit mobilizasyon an, san opòtinism, nan yon rechèch pèmanan depasman popilism lan, nan enterè travayè ayisyen yo, mas popilè yo an jeneral, yon manyèr konsekan.

I. AKS GLOBAL SIDETÈMINAN

Nan BATAY, nou toujou gen nesosite abòde e pran pozisyon sou AKS LIT GLOBAL yo. Nou gen pou atake yo konkrèman e vanse nan mennen batay sa yo menm. Jan nou deja di li, òganizasyonèlman, gen limit nan sa, sitou lè se nan kad otonomi lit ak òganizasyon travayè yo n ap chache fè l. Fòk nou depase limit sa yo, toujou nan kad otonomi esansyèl lan. Fòk nou depase yo apati enterè klas ouvriyè a, pandan n ap konstwi direksyon klas ouvriyè a menm.

AKS GLOBAL yo, se ekspresyon sityasyon jeneral la, rapò ant klas yo globalman nan fòmasyon sosyal la, nan kad fòm konkrèt dominasyon enpeyalism lan pran jounen jodi a. Lè fayit klas dominan yo ansanm ak sila tiboujwazi a parèt aklè, lè yo reyèlman pa gen solisyon, lè yo rive nan yon moman kote pwòp pratik pa yo ap pèmèt yo demaske yo piplis chak jou, lè klas domine yo about anba dominasyon an men yo menm tou pa ka vini ak yon altènativ ki nan enterè yo tout bon, tou sa gen yon gwo konsekans sou inifikasyon lit popilè yo ki vin pi difisil. Li endispansab, lè a, pou aks global yo trè presi, klè e gen potansyèl pou rezoud (oswa vanse nan rezoud) inifikasyon an an menm tan. San sa, lènmi yo ap kontinye itilize lit sa yo oswa limite yo. Leve kanpe avril yo montre sa. Malgre tou, sityasyon an sitèlman eksplozif, tout leve kanpe pote yon gwo pwa e mete dominasyon an nan yon pi gwo enpas: li rann rapò yo pi enposib. Jounen jodi a, klas dominan yo ansanm ak leta yo a pwofite chanjman gouvènman an mete sou dezaz siklonn yo pou devye mobilizasyon ki te pran chè a. Men nou pa dwe pran nan fòm dilatwa sa a. Li bay lenpresyon y ap pare pou “rekonstwi peyi”, ak èd “peyi zanmi” yo... men nou tout konnen se nan menm rapò yo, se nan kad menm dejeneresans lan, menm pourisman an y ap travay. Nou dwe atann nou a nouvo fòm kontradiksyon yo pral pran, sitou ak 3 eleksyon ki sanse dwe fèt yo. Yon jou kan menm, kit se ekzekitif, kit se palmantè, gen pou vini ak sa yo wè pou rezoud kontradiksyon k ap devore fòmasyon sosyal lan, san yo pa rete nan jeneralite y abitye prezante nou yo. Dezaz yo pèmèt yo parèt ak “nesosite tèt ansanm tout sitwayen, se yon sèl peyi nou tout genyen”, elatriye... men yo pa janm manyen kòz fondamantal pwoblèm yo. Yo retounen ak aspè teknokrat Latoti te deja vini avek li a, mele kounye a ak papa bon kè: y ap simen menm fo lespwa a.

Se sèten, yo pa ka pa rete nan sifas pwoblèm yo, men, si nou gade byen: tou dabò, peyi a, se yon sistèm akayik dimwatye ki se premye kòz fondamantal blokaj pwodiksyon agrikòl la e, apati sa, youn nan kòz pi enpòtan tout sityasyon jeneral lan; answit, akimilasyon kapitalis isit la rete estrikteman nan kad dominasyon enpeyalis mondyal la, plas nou nan divizyon entènasyonal travay sa a deja fikse e, la a, nou nan pozisyon ki pi ba a, kote menm dèt peyi ki nan menm kad dominen sa a (tankou sila Amerik latin yo, pa egzant) kapab vin ap chache dirije nou: fòm repwodiksyon kapital la pral depann de rapò sa a anvan tout bagay, kote kapital finansye a gen yon gwo pwa e pral aksantye tandans blokaj jeneral la; anfen, tou sa byen trese ak pratik granmanjè yo (ansyen kou nouvo), kote sèten manm nan tèt leta a ap favorize menm kalite monopolis nou te gen sou Divalye yo e, konsa, fasilite boujwazi mafya a dekwa pou l òganize magouy li yo pi mye toujou. Tou sa toujou devan nou menm jan an!

Kidonk: Non! Fò n pa pran nan pyès kaponay “gouvènman pi serye”. Gouvènman sa a, se menm politik foure nou nan twou a l ap aplike, ak menm salè mizè a ki rezève pou nou, nan benefis menm lesplwatasyon grenn kraze a, pandan n ap dòmi, pandan soufrans dezaz yo kite a ap fin ravaje nou... Nan sans sa a, li pi kriminel toujou! E menm si asyèt fiskal swadizan ap ogmante, se nou menm ankò k ap peye l. Vreman vre, nan moman an, **ogmantasyon mizè a, ogmantasyon soufrans lan mache ak ogmantasyon demagoji a!** E se pa èd entènasyonal ni mandisite k ap wete nou nan sa.

Nou dwe konsyan tou sa ap rive, jan nou te fè wè deja, nan yon moman kote mekanism fonksyonman leta yo fin pouri e pa gen pyès kapasite pou fè li evolye. Y ap pale refòm! Men, ankò yon fwa, se demagoji ak

pèmèt kèk tiboujwa foure yon lajan nan pòch yo: refòm agrè a ak sila lajistis la ki yo chak bloke depi an lagan, montre nou sa klè.

Tout pratik gouvènman an, tout pawòl san trip l ap pwononse yo, montre klèman kouman, anfèt, li deside rete strikteman osèvis klas dominan yo e objektivman anba dominasyon enpeyalis yo. La a, nou menm nan kan pèp la, li pa sifi pou nou di nou pa dakò! Li nesèsè nou rantre nan BATAY, politikman, pou nou kapab DEBOUCHE SOU YON LÒT LETA, YON LÒT ÒGANIZASYON SOSYAL. Jan nou konn di l deja e jan yo toujou kontinye vle foure l nan gagann nou an:

PEYI SA A, NOU PA VLE L!

*

1.- LIT KONT PLAN NEYOLIBERAL LA

Lè y ap konsidere plan neyoliberal la, yo sitou lonje dwèt sou sèten konsekans osnon sèten aspè ki rantre ladan li. Se sèten, gen moun oswa òganizasyon ki abòde kesyon an nan globalite li e denonse tout estrikti, tout lojik plan sa a. Men, menm jan ak pou divès lòt aks lit, pratik konkrèt yo sou teren an majinal e pafwa menm limite yo a yon sektè pwogresis nan tiboujwazi a. Enpak yo limite.

Kesyon plan neyoliberal la antanke aks lit global, gen yon gwo enpòtan. Se vre, gen limit kapasite pou rive mennen batay sa a konkrètman e sa gen konsekans li onivo mondyal. Se vre, se yon batay kouran tiboujwa yo rive angaje, menm onivo mondyal; se vre, yo pèmèt vanse nan lit sou kesyon an, malgre limit apwòch yo; men, nou menm travayè, nou dwe klè nou se prensipal moun ki konsène ak plan sa a, etan done se nou prensipalman l ap atake.

Lit kont plan neyoliberal la, se yon aks ki kondanse divès aspè e debouche sou divès lòt e, pou denonse li ak tout fòs ki nesèsè a, fòk tout aspè sa yo touche: **se esans plan an menm pou nou atake.**

Plan sa a rantre nan kad fòm konkrèt dominasyon enpeyalis yo pran nan faz yo ye jounen jodi a (sa yo rele rapidman “globalizasyon” an). Plan neyoliberal la non sèlman tabli yon rapò dominan / domine ak, pratikman, yon rapò dominan / sousou men, nan kad sa a, li mache ak yon oryantasyon ekonomik e sosyal anti nasyonal e ekstrèmman anti pèp. BATAY kont plan neyoliberal sa a, kidonk, kondanse batay kont dominasyon enpeyalism lan e kont fòm aktyèl enpeyalism lan pran men tou an jeneral. Sa mache ak batay kont oryantasyon ekonomik konkrèt ki genyen nan peyi a menm, kidonk lite kont gouvènman k ap repwodyi oryantasyon sa a. Vreman vre, atitid gouvènman ayisyen yo fas a plan sa a, se kareman: **soumisyon!** An jeneral, yo ensiste sou redresman finans piblik, “avanse ekonomik” ki fèt... san yo pa janm rete sou apovrisman global mas yo, travayè yo, ki vin ogmante nan wotè li pa t janm rive anvan. Kidonk yo pa janm presize “avanse ekonomik” sila yo, si genyen, nan enterè kiyès ak kont enterè kiyès li fèt. Senpman se paske sa fèt nan enterè boujwazi a tou sèl e kont enterè mas yo, travayè yo e ke gouvènman sa yo, se enterè boujwazi a y ap defann.

Lit efikas e **nan enterè peyi a**, kont dwòg, kont evazyon fiskal, kont kontrebann... enpòtan, se vre, men nou dwe konsyan: sou yon bò, pa ka gen lit serye lè y ap tolere vòl (asfalt, angrè...), blanchiman lajan (nan l ONA pandan 2 lane ki pase yo), favorize sèten gwo klan boujwa e ba yo kontra yo pa menm ekzekite (elektrisite) elatriye... men, sou yon lòt tou, se entèvansyon pa nou ki pou pèmèt lit sa yo vanse tout bon vre. Men, si mennen lit sa yo egal apiye yon leta ki kont nou ak tout mezi l ap pran an favè boujwazi a ki kont nou, nou deja wè li pap bon pou nou. Okontrè! Lit pa nou se mobilize pou mete sou pye yon leta fò, ini, k ap entèvni nan sans enterè pa nou, nou menm mas popilè yo, nou menm travayè yo: nan reyèl enterè peyi a.

Sa pa ka fèt nan kad plan neyoliberal la ki la pou globalman dezatikile peyi a, fin detyi l, nan benefis boujwazi entènasyonal la ki genyen anba lèzòd li sila lokal la kòm sousou, ansanm ak gouvènman reyaksyonè ki alatèt leta a.

Leta ki, ak plan sa a, ap rantre pis kòb, l ap depanse mwens (nan kesyon “pa entèvni” a) men, tou sa, se pou foute kòb sila a nan pòch granmanjè ki alatèt li ak pou peye yon dèt peyi a gen sou do li, nan menm kad ajisteman li gen pou ekzekite a, san nou pa wè ki sa ki reyalize pou peyi a ak lajan yo te prete a. Yon dèt k ap kontinye ogmante. Dèt sa a, plan neyoliberal la sèvi ak 2 òganis pou fòse nou asepte l: Bank Mondyal (BM) ak Fon Monetè Entènasyonal (FMI, an franse). Dèt la, se pou yo. Y ap asire lajan yo ap tounen, pandan se yon kouto anba gòj nou, pou nou fè sa yo vle nan enterè enpeyalis yo.

Leta sa a pa sanse gen dwa entèvni nan ekonomi a: pa ka gen entèvansyon sou “mache” a. Egal: li oblije asepte tout pri boujwa yo deside. Se konsa lavichè nan wèl nou e l ap ogmante sanrete, depi gran komèsan deside. Ni pa ka gen antrepriz piblik, dimwen, fòk yo redyi yo nèt. Egal: privatizasyon! Nan benefis boujwa. San menm gade vre kòz ki fè antrepriz sa yo pa fonksyone byen. Pwosesis ki mache ak revokasyon abitrè an mas. Non sèlman fòk gen lit kont privatizasyon ak kont revokasyon abitrè yo, men fòk gen mobilizasyon pou fòse leta pran responsabilite l, mete sou pye yon lòt òganizasyon antrepriz piblik yo e fè yo mache byen pandan yo toujou piblik, pandan l ap mete kontwòl sou pri machandiz yo, an patikilye sou machandiz enpòte yo, nan enterè popilasyon an, nan enterè mas popilè yo.

Jan nou fèk wè l la, tout mezi plan neyoliberal la ap egzije yo, se pou, sou yon bò, leta òganize, pèmèt e fasilite esplwatasyon ak dominasyon travayè yo pi byen e, sou yon lòt bò, pa entèvni ni sou pri ni nan kesyon piblik yo, dekwa pou boujwazi entènasyonal la, endistriyèl tankou gran komèsan, kapab foute pye l pi byen tout kote e fè benefis san limit li, jan l vle. Se sa k fè plan neyoliberal la genyen 2 aspè fondamantal: premyèman li kont fonksyonman otonòm e atikile peyi a globalman men, an menm tan tou (e se prensipal objektif li sa), li kont travayè yo an lagan (etan done se dèyè esplwatasyon san limit yo li vini). Kidonk, nan sans sa a, goumen pou yon lòt leta, se yon nesese e, pou rezoud rapò sa yo kòrèkteman e yon manyè definitiv, **se apati enterè global travayè yo.**

Konsa tou, lit kont kesyon dèt la, dwe baze sou enterè jeneral peyi a men, ankò yon fwa, apati enterè travayè yo. Nou dwe goumen pou gen pis fòs ki rantre nan batay la, ak yon konsyans klè sou diferan aspè sa yo. Fòs k ap pèmèt konprann objektif mobilizasyon / denonsiyasyon an, lyezon li ak mobilizasyon onivo entènasyonal la men tou k ap pèmèt defann enterè jeneral peyi a, pandan li klè sou lefèt, nan sa ki konsene kan pwogresis la, kan pèp la, enterè travayè yo se baz lit la.

Lit pou goumen kont kesyon “mache a, se sèl lwa”, lye dirèkteman ak sila ki kont “boujwazi a fè sa l vle, pandan l ap tete zòrèy nou”. Se lit kont lavichè a, globalman, konkrètman, toujou ak yon konsyans klè lit kont lavichè a, se yon lit global, yon lit anti enpeyalis, ki mennen, vle pa vle, a afwonte boujwazi lokal yo ansanm ak leta reyaksyonè yo a, 2 sousou enpeyalis yo.

Plan neyoliberal la lakòz tout sèvis ap privatize. Sa ki toujou piblik yo, tankou inivèsite oswa lopital pa egzanp, ap degrade pou mas yo, pandan klas dominan yo ap mete dèt byen chè oswa al jwenn sèvis sa yo nan lòt peyi. Plan neyoliberal la, se yon plan anti pèp. Se mas popilè yo ki pou konprann sa e kanpe anfas li, anvan yo fin rete san anyen ap mande menm lacharite a, nan men menm moun k ap kraze nou yo.

Avèk baryè lib sou mache entènasyonal la, ki ale ak entegrasyon peyi a nan divès gwoup ak sou gwoup reyonal, mache peyi a louvè, san limit, pandan sila peyi enpeyalis yo anba kontwòl oswa èd pèmanan leta pa yo. Kriz finansyèl k ap mete prensipal bank yo an fayit e kouman leta pa yo entèvni san gade dèyè, montre nou sa klèman: mache louvè a, se pou peyi domine yo, pandan leta peyi dominan yo entèvni lakay yo depi li nesese, menm si sa an kontradiksyon flagran ak ideyoloji liberal y ap pwone pou nou an, gras a

pwopagann entènasyon yo e relè “ekonomis” boujwa yo bò isit la. E, kòm kapasite pwodiksyon nou trè ba e pa gen oryantasyon pou ogmante l vre, machandiz lòt peyi ap anvayi nou. Konsa, pwodiksyon nou vin bloke pi rèd e gen yon transfè valè k ap fèt an pèmanans soti lakay nou ale nan lòt peyi: sitiyoasyon an rantr nan yon sikl enfènal, sou yon fòm espiral, ki di: chak “solisyon” ki rete nan menm kad la pote piplis degradasyon, piplis depandans e pèmèt kriz la vin pi fon.

Tou sa mache ak sikilasyon legal oswa ilegal fòs travay ayisyen an. Etan done degradasyon sou fòm espiral sa a, piplis toujou, travayè yo sètoblize ale nan lòt peyi vann fòs travay yo pou yon salè mizè. Menm lè yo konn wè li kòm: “chache travay / jwenn travay”, men, ekonomikman, se toujou mekanism lespwatasyon ak transfè valè yo k ap opere yon manyè entènasyon. Sa montre dominasyon ekonomik lan mache ak yon dominasyon ideyolojik, dekwa pou travayè yo pa menm konprann pwosesis y ap viv lan e, konsa, pa ka lite ni byen ni tout bon kont li. Te deja gen kalite pwoblèm sa a, men plan neyoliberal la kreye kondisyon pou non sèlman li ogmante rapidman men ankò pou altènativ yo pi difisil pou konstwi.

Egzanp sa yo fè nou konprann: gen plan neyoliberal la nan globalite l men genyen tou diferan pratik konkrèt nan kad aplikasyon li. Nan BATAY nou an, nou dwe distenge tou 2 aspè sa yo, pandan n ap atikile yo an menm tan: BATAY global la e BATAY kont pratik yo.

Sou yon lòt bò, plan neyoliberal la gen sèten konsekans yo souzestime osnon kabre. Nan kad fayit leta a, alatèt plan sa a rantr nan sèvi ak ONG yo. Depi anvan, dayè, yo te toujou apiye sou devlopman ONG yo. Oryantasyon sa a pèmèt yon fòm privatizasyon, yon fòm asistansyalism prive. Men li pèmèt tou yon pratik granmanjè, yon pratik abolotcho wo nivo pa rapò a sèten sektè nan tiboujwazi a, nan yon moman kote kontwòl klas dominan yo sou tiboujwazi peyi enpeyalis yo yon jan diminye. Klas dominan peyi enpeyalis yo sèvi ak pratik ONG sa a (ONG peyi enpeyalis yo k ap soutni – e oryante – sila peyi domine yo) kòm soupap sekirite pou diminye sèten faktè eklatman, menm si pwosesis la pa anba kontwòl yo nèt. Gen divès lòt pwoblèm pa rapò ak kesyon ONG a men, nan kad lit global kont plan neyoliberal la, se aspè sa a ki jwe piplis. Sèten ONG, nan kad posibilite otonomi yo, ap mennen yon lit kont plan neyoliberal la menm. Sa rantr nan kad kontradiksyon pwosesis n ap dekri a e, nan batay la, se yon kontradiksyon nou dwe byen jere. Menm jan an tou, nan pwòp leta a, genyen ki di yo “anti neyoliberal”. Si se blòf, pratik batay nou yo dwe ede demaske yo e denonse yo antanke mistifikatè k ap dòmi sou moun pou pi byen jwenn avantaj pa yo; si, okontrè, yo (ou sèten nan yo) konsekan, y ap gen wòl pa yo pou yo jwe e, lè sa a, fòk pratik batay nou ede yo denonse sitiyoasyon yo sanse kont li a e pote nan sen branch aparèy kote yo chita a, yon polarizasyon ki ka sèvi lit travayè yo, lit pwogresis yo.

Se yon BATAY anti enpeyalis, se yon batay pou soti nan leta sousou a, se yon batay pou nouvo rapò ak peyi dominan yo, nan kad yon dinamik global e entènasyon ANTI ENPEYALIS. Lit sa a, nou dwe mennen li nan peyi a, ann atikilasyon, an kowòdinasyon ak tout batay k ap fèt onivo entènasyon. Nan peyi a, se yon lit pou yon lòt devlopman fòmasyon sosyal la e sa mande kanpe anfas klas sosyal, leta ak pati politik k ap aplike plan sa a. Lit sa a pa ka jeneral, abstrè. Menm si aspè global la gen tout enpòtans li, fòk prensipal pratik lit la chita sou lit konkrèt ki kont aplikasyon plan an. Nan sa:

- Gen fòs ki deja nan lit la. Fòk responsabilite yo presize, pou kapab vanse yon manyè kowòdone, nan kad rapò diferansye ant klas an prezans yo, san ilizyon. Fòk denonsiyasyon yo kowòdone e inifye. Non sèlman pou kapab mennen lit la byen, men ak preyokipasyon pou mas yo konprann rezon ak objektif mobilizasyon yo e rantr nan batay.
- Fòk gen prezans nan divès lit pasyèl yo. Fòk yo favorize yo e pèmèt fè lyezon ant yo menm e lit global kont plan neyoliberal lan. Fòk yo konprann lyezon kòz ak kontni lit pasyèl yo e plan neyoliberal la ki globalize sitiyoasyon an. Leplis posib, fòk prezans yo kowòdone e fòk yo travay pou inifye lit pasyèl yo politikman: se atikilasyon ant liy n ap detèmine a e pratik k ap reyalize

yo. Lit pasyèl yo gen yon gwo enpòtans, sitou si nou rive fè lyezon ak lit global yo, osnon rive ba yo yon pòte global.

- Tou sa dwe fèt san fòse. Se pa yon aksyon volontaris kote nou panse mas yo pral entegre konesans sa a la pou la nan kad lit yo, sitou lò gen sèten kouran opòtunis k ap fè tou sa yo kapab pou devye lit yo nan objektif reyalize enterè pa yo ki se, finalman, enterè klas dominan yo vle rejwenn la yo. Pou mas yo entegre konesans ak konpreyansyon atikilasyon lit pasyèl pa yo ak lit global kont plan neyoliberal la, fòk se nan kad batay la menm yo rive atenn konsyans sa a e transfòme batay pasyèl yo nan nivo global la.
- Fòk aks global lit kont plan neyoliberal la atikile ak lòt aks lit global yo, ak lòt fòm lit anti enpeyalis la dwe pran, tankou lit pou dezokipasyon an, pa egzanp.
- Kesyon an mete nou ANFAS GOUVÈNMAN an konkrètmman. Pou yo ta wè enpòtans enterè peyi a, pou yo ta manyen panse reyalize li, menm nan yon minimòm, sa mande sipò mas popilè yo. Pou yo ta sitye yo onivo entènasyonal nan yon minimòm ki pa wòl sousou pannan an, si yo ta vle kapab entèlokite peyi dominan yo yon manyè ki genyen yon minimòm figi, fòk yo ta kòmanse wonp ak pratik abolotcho ki an vigè yo e travay pou yon sipò popilè reyèl. Pou sa, fòk yo ta omwen anvizaje reprezante enterè mas yo vre, menm si se nan yon minimòm. Kad estriktirèl kote gouvènman sa a twouve li a, pa pèmèt sa. Fòk yo ta sispann fè demagoij! Y ap pale kesyon souverènnte (politik, sekirite, alimantè...), pandan bidjè peyi a depann de kòb y ap ba yo! Si yo pa ba yo kòb, yo pa ka fè eleksyon, pa egzanp. Objektivman, pa gen pyès souverènnte onivo fonksyonman leta a globalman. E pale de yon peyi “an pati souverèn” elatriye..., se, an fèt, asepte okipasyon degize ki la a e, pi rèd, avwe yo pa pral goumen kont li. Tou sa montre nou nou pa ka kite BATAY pou SOUVERÈNTE a nan men reyaksyonè sa yo!
- Li nesesè, pandan n ap vanse nan BATAY sou divès lòt aks, nan moman an nou dwe rantre nan mobilizasyon, ajitasyon-pwopagann, òganizasyon otou aks: LIT KONT PLAN NEYOLIBERAL la. Pou sa, nou dwe bati FÒS ki nesesè a, regwoupe fòs e, nan kad konstriksyon sa a menm, kreye kondisyon pou fè kriz reprezantativite ak kriz lejitimite a vin pi fon. Lit nou, pratik nou, dwe andikape politisyen abolotcho yo, politisyen mistifikatè yo, politisyen kolaboratè yo... tout reprezantan klas dominan ak enpeyalis sa yo ki sou sèn lan.

Lite kont plan neyoliberal la, mande nou konsyan e fè moun konsyan n ap gen pou goumen pou yon nouvo rapò ak peyi dominan yo. Sa mande anpil fòs. Sa mande mobilizasyon entèn, anndan peyi a, nan kad yon nouvo oryantasyon entèn.

Andedan leta a, andedan divès aparèy yo, si gen yon volonte pou sa, si gen kèk grenn ki ka asime oryantasyon sa a tout bon, sa mande yo rejwenn popilasyon a anvan tout bagay, yon manyè estriktire, serye, konsekan. Pa pou rezoud afè pa yo, ni paweze ak otosatisfaksyon “onorab...!” men ak konsyans pwofondè sityasyon an, kouman nan kad estriktirèl sityasyon sa a, yo pa anyen pase popetwèl, kidonk: gravite moman an! Ak konsyans gen fòs kolaborasyonis tout plim tout plimay ki anfas oryantasyon sa a e kouman se ak anpil kouraj pou nou afwonte yo. Pwopozisyon k ap soti nan mobilizasyon ki gen konsyans sa a, dwe KOLEKTIF e baze sou yon FÒS ÒGANIZE K AP SOUTNI LI, yon fòs baze sou PATISIPASYON KONSYAN MAS POPILE YO, sou MOBILIZASYON MAS POPILE YO.

Nan sa, nou dwe travay pou mas yo konprann pòte lit la, pèmèt yo wè sa ki ka fèt a kou tèm, sa yo dwe vize a mwayen tèm, nan objektif yon lon tèm... Se pou sa nou dwe byen trese AKS LIT yo ak yon bon jan Pwogram.

Nan moman an, tandans nou jwenn nan gouvènman an, tankou nan diferan aparèy leta yo endistenkteman,

se **soumisyon** (patikilyèman a KAD GLOBAL enpeyalis yo vle foute nan gagann nou an), se asepsasyon total plan dominasyon enpeyalis lan, se ekzekisyon plan neyoliberal la nan tout detay li, ak tout katastwòf enfini l ap pote pou pèp ayisyen. Kidonk, sa mande nou klè: **SE YON BATAY N AP GEN POU FÈ KONT GOUVERNMAN AN**, menm pou chache fè l respekte menm ti mòso nan sa n ap goumen pou li a. Nan sans sa a, mobilizasyon kont plan neyoliberal la, mande **LIT PA RAPÒ A GOUVERNMAN AN**. Nou dwe gen yon konsyans klè sou sa.

Altènativ a plan neyoliberal la mande **reyòganizasyon pwodiksyon nasyonal la**. Nan peryòd n ap pase a, pou soti premyèman nan sitiyan dominasyon an, nou dwe revalorize pwodiksyon nasyonal la globalman. Devan fayit klas dominan yo k ap blayi ogranjou nan figi tout moun, devan twou yin kote soumisyon a plan neyoliberal la foute twaka nan fòmasyon sosyal la, sa sanse parèt klè pou divès sektè. Men, laplipa pwojete solisyon sa a ak ekzakteman **menm estrikti sosyal ki rive bout lan, ak menm klas ki mennen nou nan twou kote nou ye a, alatèt pwosesis ki sanse pral reoryante ekonomi peyi a!** Pa ka gen demagoji pi estròdinè, pa ka gen mistifikasyon pi sadik.

Revalorize pwodiksyon nasyonal la mande yon **REDISTRIBISYON KAPASITE PWODIKSYON AN**. Li mande yon **CHANJMAN RAPÒ SOSYO** yo. San sa, se lave men siye atè; san sa, se **pawòl van**; se **MISTIFIKASYON**. Nan agrikilti a, pa egzanp, nou devan nesite yon **refòm agrè reyèl**. Sinon, se toujou menm grandon yo ki pral benefisye, nan alyans yo ak boujwa yo ki, yo menm, deja mare sosis yo ak enpeyalis yo. Menm jan an tou, si pratik leta a pa kontwòle a tout nivo, se granmanjè yo ki pral detounen tout nouvo kapasite ki ta pase atravè leta. Dènye vòl angrè a montre sa klè.

Kidonk:

- Nou dwe goumen pou reyòganizasyon pwodiksyon an;
- Nou dwe goumen pou reyòganizasyon, redistribisyon kapasite pwodikstif yo e, an final, richès nasayonal yo;
- Nou dwe goumen pou leta jwe yon lòt wòl pou li pèmèt sa reyalize, ede konstwi nouvo mekanism pou sa rive fèt;
- Nou dwe goumen pou gen lwa restriktif, pa rapò a itilizasyon kapasite pwodiksyon yo, potansyèl pwodikstif yo e egzije respè nouvo oryantasyon sa a, ak kontrent ak lit, apiye sou mobilizasyon mas yo pou sa;
- Nou dwe gen kontwòl reyèl sou ONG yo, ak nouvo lwa pou kontwòl sa a efektif e pwodikstif;
- Nou dwe gen yon kontwòl etatik reyèl nan rapò piblik / prive a e sou prive a, patikilyèman nan reyòganizasyon pwodiksyon an, **NAN KAD YON PLAN NASYONAL**;
- Nou dwe vini ak pwopozisyon Plan Nasyonal la, nan kad Pwogram ki nesèsè a;
- Nou dwe favorize e rive tabli kontwòl travayè yo nan antrepriz leta yo apati yon liy otonòm e, nan sa, fòk kontra travay kolektif yo efektif e jwe wòl ranfòsman kolektif travayè yo kòm sadwa, kit nan antrepriz leta yo, kit nan antrepriz prive yo.

Tou sa, se **BATAY!**

Se yon oryantasyon ki ka nan lit anti neyoliberal la. Si, kounye a, potansyèl investisman nasyonal sa a pa egziste, pa ka jèmen ou devlope, fòk nou klè se anfas yon boujwazi ini (ou an pwosesis inifikasyon) n ap twouve nou, yon boujwazi ki, lè sa a, ap totalman osèvis kapital entènasyonal la, ou nètman depanndan de li,

kidonk, tout mannyè, anba lezòd enpeyalis yo; yon boujwazi ki, lè sa a, ap endistenkteman kanpe anfas nou, anfas enterè pèp la, anfas enterè peyi a. Sa va yon konsta istorik.

Fòk nou ajite kesyon sa yo. Si posib, mobilize pou reyalize atikilasyon sa a. Tout mannyè, se yon aspè ki dwe entegre lit anti neyoliberal la an lagan.

Paralèlman, nou dwe batay pou anilasyon dèt la, fòse leta angaje l nan objektif sa a, pandan l ap pran responsabilite l pou kenbe antrepriz estratejik yo piblik. Nan sa, fòk pratik revokasyon an sispann, men san jistifye pratik gaspiyaj nan antrepriz leta yo, tankou sa te konn fèt anba tout lòt gouvènman yo. Nan sans sa a, degresaj antrepriz piblik yo dwe demokratik e fòk rezilta yo klèman nan enterè travayè yo. Pandan leta ap rebran responsabilite l pou li retounen garanti sèvis piblik yo (sante, lekòl, distribisyon machandiz esansyèl yo nan magazen l ap mete pou sa...).

Lite pou tout revandikasyon sa yo, se konbat plan neyoliberal la an li menm, etan done se tout garanti sa yo li menm ap chache efase. Se yon lit ki mande. Men li ijan pou nou vanse ladan l: lènmi nou yo k ap aplike plan sa a, yo menm, yo pap dòmi. Se nou ki pou pran responsabilite nou pou nou mennen batay sa a kòm sadwa. Ak MOBILIZASYON nou, NOU KAPAB!

2.- LIT KONT OKIPASYON AN / LIT POU DEZOKIPAYON AN

Depi plizyè lane, pratik klas dominan yo ak politisyen yo, se yon fayit total kapital. Apati absans otonomi mas popilè yo, sèten kouran politik rive ralye divès sektè nan yo. Sitiyasyon an vin frajil e gen gwo risk lese prape ant divès kouran politik reyaksyonè sa yo. Kidonk, menm si entegrasyon-rekonsilyasyon yo rete prensipal pou yo, sa gen dwa fèt nan gwo lit. Sou kote sa, rapò klas dominan yo ak mas popilè yo vin esplozif, sitèlman lespwatasyon san limit yo soti pou reyalize a, ak tout mizè nou konnen an kòm konsekans, wo. Tou sa mennen enpeyalis yo vin okipe peyi a anba kouvèti l ONI, dekwa pou yo ka pi dirèkteman kontwole sitiyasyon sa a.

Sitiyasyon degraba peyi a vin tonbe ladann lan e k ap ogmante piplis chak jou, ba yo pretèks kòm kwa se “ede yo vin ede”. Men sa pa anpeche tout moun klè: se yon okipasyon degize!

Li rive nan yon moman kote sa sèten moun ap rele “fòs sekirite” ki te egziste anvan an, kidonk lame, pa la ankò. Lame sa a, dèt moun rele l: “prensipal fòs represif klas dominan yo ansanm ak enpeyalis yo”. Kidonk lame divès lòt peyi vin jwe wòl sa a nan kontèks aktyèl la.

Pale okipasyon-dezokipasyon, pa sèlman vle di mete fòs militè deyò. Gen divès fòs politik sou divès fòm nan peyi a ki byen trese ak militè yo. Yo chak ap jwe wòl yo. A nivo sa a, nou gen yon reyèl pwoblèm souverènnte ki poze. Men, la ankò, se ki souverènnte? Nan defans ki enterè?

Nan kad okipasyon an, pwoblèm souverènnte a pa yon senp pwoblèm sekirite, se yon atikilasyon okipasyon ak yon TITÈL limite opwennvi fòm, kote se Sena lòt peyi ki vreman deside si twoup yo ap rete oswa ale, pandan yo sipozeman ap tann “prezidan ayisyen an mande yo rete”. “OKIPASYON” an, se yon rapò ekstrèm ak enpeyalism la, nan fòm dominasyon li pran an. Pou yon peyi, yon fòmasyon sosyal ki vle gran moun tèt li tout bon, li nesèsè konprann li, goumen kont li, soti anba li. Se yon lit. Okipasyon an touche tout aspè nan lavi nasyonal la. Nan sans sa a, lite kont li, se yon lit GLOBAL.

Pou nou byen gade kòmman vanse nan lit global sa a, gen 2 konsiderasyon enpòtan pou nou fè an lagan. Tou dabò, anndan peyi a, pou divès rezon, gen yon konsyans anti okipasyon (ki pa fòseman yon konsyans anti enpeyalis) ki limite, ni nan lajè ni nan pwofondè. Pou debouche sou yon mobilizasyon global onivo nasyonal kont okipasyon an, gen yon travay serye ki pou fèt. Fòk li gen yon liy klè.

Sou yon lòt bò, nan dèt peyi ki gen fòs lame yo isit, tankou sila Amerik latin yo pa egzant, gen fòs pwogresis ki deja ap goumen pou retrè twoup yo. La ankò, fòk nou konsyan fòm lit pa yo pran piplis chita sou yon aspè ki soti nan yo (nati yo, preyokipasyon konkrèt yo, objektif konkrèt yo...), menm si se kesyon dezokipasyon Ayiti k ap poze. Li enpòtan, menm si lit pou retrè twoup yo rete prensipal, nou ede yo konprann rezon fondamantal prezans twoup yo isit e enpòtan prezans sa a genyen pou klas dominan yo ansanm ak enpeyalism lan; li enpòtan pou yo menm tou poze okipasyon an sou diferan ang li genyen. Sa ap bay meyè baz pou pwòp yo menm mennen e devlope lit la lakay yo. Dekalaj ki genyen ant 2 teren yo (isit ak nan lòt peyi yo), se yon konsiderasyon ki dwe fèt sou tou 2 teren yo. Sa ap pèmèt yon meyè kowòdinasyon. Poutèt dekalaj la, kowòdinasyon an nesèsè piplis toujou e depi kounye a.

Fòs militè okipasyon prezan pou anpeche dezentegrasyon total fòmasyon sosyal la apati konfli entèn yo. Nan sans sa a, yo prezan pou anpeche, nan kontinan an, gen yon fwaye ki gen baz pou destabilize rejyon an nan yon moman kote tout rejyon an an kriz li menm, menm si se pa ak menm pwofondè a tout kote. Konfli ki ka eklate jouk diferan klas dominan yo pa ka kontwole yo ankò e migrasyon ki ka deklannche jouk rive nan peyi Etazini menm ka mete absè sou klou pou jennen yo ankò piplis. Nan peyi d Ayiti pi spesifikman, se kondisyon pou reyalyasyon pwojè lespwatasyon san limit yo a e k ap pote an pèmanans potansyèl eklatman an y ap asire, se dominasyon enpeyalis la globalman y ap garanti. Etan done ni klas dominan yo, ni leta an kriz jeneral yo a pa ka asire ni debloka ekonomik lan, ni fonksyonman politik nesèsè a, ni menm kontwòl represyon an, enpeyalis yo vin “asiste”. An reyalyite, yo vin kontwole.

Fòk konsyans anti okipasyon an devlope. Fòk li devlope apati konpreyansyon ak konsyans global nou mansyone a. Men fòk li devlope sitou nan globalize tout lòt lit nou yo, dekwa pou tout difgeran aks yo rejwenn fondman yo nan menm konpreyansyon sa a. Se lè a n ap jwenn fòs okipasyon yo anfas nou tout bon. Si nou rive demaske pwojè dominan an, si mobilizasyon kont diferan pratik aplikasyon pwojè sa a, nan kad pratik rezistans a tout nivo nou, rive fè vre rezon okipasyon an parèt aklè, fòs okipasyon yo pap gen 2 reyaksyon: y ap defann sa yo vin defann lan e y ap reprime tout sa k ap opoze l a ekzekisyon plan sa a. Egal, y ap kanpe anfas nou, y ap kanpe anfas lit otonòm mas popilè yo. Kidonk se pratik lit otonòm mas yo menm k ap pèmèt fòs okipasyon yo demaske tèt yo totalman. Lè sa a, fòk nou pare pou deklannche mobilizasyon global anti okipasyon an: y ap mi.

Konsyans sou globalite / atikilasyon lit sa a pa dwe spontane, ni li pa dwe mekanik nonplis. San konte pwosesis konstriksyon konsyan sa a dwe atikile, kowòdone ak lit nan lòt peyi yo. Pou piplis presizyon:

- Nan lit imedya sou kesyon an, nou dwe pèmèt konprann rezon ak objektif reyèl e pwofon okipasyon an e NESESITE BATAY KONT LI. Nan sa, n ap gen pou fè fas a moun ki la pou defann li yo: se yon rapò evidan. Fòm lit nou yo, kidonk, dwe non sèlman enkli mobilizasyon, men atann nou a konfwontasyon. Nou dwe pare pou yo.
- Batay sa mande regwoupe fòs ki deja mobilize nan sans sa a. Sa pa ka ni dwe fèt nan okenn bouyi vide. Li pa ka fèt nonplis san prensip, san yon oryantasyon klè. Si nou byen kopran rezon ak objektif okipasyon an, nou dwe travay pou enterè travayè yo nan kè tout konsiderasyon. Men, an menm tan tou, fòk lit la debouche sou yon anti enpeyalism konsekan. Nan sans sa a, fòk nou eskli tout tchoul k ap sèvi ak yon fo nasyonalism pou fè kapital politik yo. An rezime, fòk lit la nan enterè travayè yo, ouvriye yo, mas popilè yo, kan pèp la tout bon. Ki di: anti enpeyalis. Se yon konstriksyon: konstriksyon fòs nou, kowòdinasyon yo, estriktirasyon yo, pandan n ap atikile lit sa a ak lòt aks yo, nan kad lit global ki dwe pèmèt nou vanse nan sans sa a.
- Se nan kad sa a n ap gen pou byen kenbe kont nesèsite pou konstwi fòs pou yon fòmasyon sosyal estab e dinamik alafwa. Se la kesyon “lame” a, “fòs sekirite” a dwe rantre. Fòs etranjè yo entèveni nan kontradiksyon nan mitan klas dominan yo nan enterè yo. Se menm blòk lènmi an.

Entèvansyon yo ki fèt nan pwosesis dezentegrasyon an, piplis kanpe anfas fòs k ap akselere dezentegrasyon an (gang, mafya dwòg elatriye...) e redyi potansyèl afwontman ame ki vivi ak lit nan mitan klas dominan yo. Sa bay yo yon minimòm kredibilite. **Fòk fòs pa nou kapab fè fas ak tou 2: ni fòs okipasyon an, ni sila k ap akselere dezentegrasyon an.** Apati mobilizasyon mas yo, politikman nou kapab.

- An menm tan (e yon fason pi imedyata) nou dwe pran pozisyon nan tout batay ant klas dominan k ap chache remete fòs represif pa yo sou pye. Nou dwe jwenn fòm pou andikape yo, devye yo de objektif yo, denonse pratik sa a pou sa li ye, e fasilite yon travay nan enterè klas domine yo. Gen baz pou sa e nou dwe vanse nan pratik sa a, nan pòte konpreyansyon pa nou nan deba a, altènativ pa nou sou teren lit konkrèt yo.
- Tou sa ap mande MOBILIZASYON-LIT an pèmanans. Kont okipan yo, kont kolaborasyonis yo k ap jwi apati sitiyasyon an oswa k ap akomode yo ak li e ap eseye maske li. Gen dèt moun k ap sibi li pasivman; nou dwe travay pou mobilize yo.
- Nan moman an, okipan yo ap aksantye travay ideyolojik yo pou fè asepte yo. Pòt pawòl yo aktif sou tout kesyon, yo gen radyo yo, nan dezans y ap “ede” e yo fè konnen yo te la, y ap maske vre rezon ki mennen yo la ak ki objektif yo. Nou dwe konsyan pwa mizè a, mete sou opòtinism nan mas yo fasilite yo. Se yon teren kote nou dwe kontrekare yo ak fòs, menm si se lit nou yo ki pi konkrètmman ap pèmèt travay denonsiyasyon pa nou a vanse vit e byen.
- Lit la dwe anfas aksyon pi vizib yo (okipasyon militè a) men tou anfas aspè politik titèl la, wòl estrikti politik l ONI nan peyi a, wòl ONG k ap travay ak yo e, sitou, wòl anbasad yo, flagrans ak awogans prezans anbasadè peyi enpeyalis yo, an patikilye sila Etazini a, nan lavi politik peyi a.

Vanse nan sans sa a mande pou tout fòs k ap lite kont okipasyon an e ki wè emansipasyon reyèl mas popilè yo - sèl baz pou soti anba tout dominasyon - kontre pou reflechi, tabli e mobilize otou mekanism konkrè pou vanse nan lit la, ak echeyans klè, planifikasyon divès etap / moman. Onivo òganizasyonèl entèn chak kouran, kesyon sa a, etan done enpòtans kapital li, dwe gen **yon plas otònòm**, sistematize nan kad yon inite nan aksyon.

Mobilizasyon n ap antre ladann lan dwe dinamik e kimilatif. Jou an jou, moman an moman, pratik la dwe pi gwo, kit nan fòm li, kit nan kontni li; menm jan an tou, li dwe soti nan yon aspè lokal, rejyonal pou li rive nasyonal. Fò n fè atansyon anpil pou apèl k ap fèt yo pa rete izole, san repons: pratik la dwe entegre nan lavi mas yo.

Nan tou sa, nou pa dwe bliye se lit nou k ap pèmèt demaske fòs okipasyon yo pi byen e piplis, kit se fòs militè yo kit se sila politik yo. Nou dwe vanse ak yon konsyans klè leta sa a, se yon leta soumi, e k ap fè travay enpeyalis yo. Se ajan nan tèt leta a ki te mande yo vini e k ap kontinye “mande yo rete”, menm si pawòl pa yo pa siyifye anyen vre. Fòk nou klè tou, ni leta ni boujwa reyaksyonè yo, ni politisyen tchoul yo pa gen yon liy pou dezokipasyon. Lè yo pale sou sa, se demagoji 100 pou 100. Pwopozisyon pou rekonstwi fòs represif reyaksyonè yo a, lame, pa menm konsidere kontradiksyon 2 fòs ame anba diferan kòmandman pa mache ansanm; dèt “nasyonalis” ki vle deklare tèt yo “pwogresis”, ap jistifye retou lame reyaksyonè a san kalkile sa li te konn ap fè nan enterè klas dominan yo, kouman yo pral fè l fèt nan enterè mas popilè yo ak menm estrikti militè sa a, ak menm enpeyalis yo k ap mete l sou pye. Lit kont diferan kouran sa yo, enpòtan. Fondamantalman, **NESESITE YON LÒT LETA!**

3.- NESESITE YON LÒT LETA

Diferan aks lit global nou deja rete sou yo la a, montre nou konbyen, vreman vre, gen yon kokennchenn NESESITE **POU YON LÒT LETA**. Tout refleksyon, tout pratik mennen nou anfas reyalite sa a: leta sa a non sèlman an kriz, men li fè **FAYIT!** Nan fayit total kapital kote li twouve li a, ata sèvi klas dominan yo li pa ka reskonsab ankò. Se sa k fè li sètoblige rele enpeyalis yo vin “asiste” l, egal: okipe nou, mete nou anba titèl. Menm klas dominan yo wè neseseite yon lòt leta, menm si se nan enterè pa yo. Konsa: fayit la konsomen!

Pou nou menm nan kan pèp la, kesyon sa a vin reprezante yon aks lit global ki gen yon kokennchenn enpòtans. Blokaj leta a, se youn nan pi gwo mati n ap pase: koripsyon an, se nou ki soufri l finalman, dèt la, se nou ki ranbouse l vre, sèvis piblik yo, se nou ki piplis soufri absans yo (boujwa yo gen jeneratris, yo fè kont benefis yo dekwa pou yo achte kamyon dlo, yo gen lekòl, inivèsite, lopital, lwazi tout kalite... lòt bò dlo), fatra a, se anba nen pa nou li ateri, lajistis kriminèl sa a, se nou anfèt l ap kraze, etsetera etsetera era... Fayit leta a, si li touche tout fòmasyon sosyal la, se nou li **atake!** Pou nou menm, LITE POU ELIMINEN, EFASE, KRAZE, DEPASE POURITI ANAKRONIK SA A, se yon OBLIGASYON!

Se youn nan aks lit nou dwe GOUMEN pou reyalize. Se pa enkapasite ak karakteristik kolaborasyonis gouvènman an ki an kòz, se enkapasite, pouriti ak karakteristik kolaborasyonis **Leta** a menm ki an kòz. Sa montre pwofondè kriz la.

Klas dominan yo rantre nan yon pwosesis chanje fòm leta a depi 20 an. Li te nesese pou yo, nan kad restriktirasyon ki t ap fèt nan rapò ant klas yo. Men, li kwoke nan gòj yo. Non sèlman sa pa rive fèt, men se youn nan oryantasyon ki akselere kriz la menm, etan done, anfèt, yo pa t mezire dejeneresans avnase ki t ap gangrenen yo pa anndan. Se sèten, se lit mas popilè yo ki oblije yo rantre nan pwosesis la, pandan l ap bloke reyalizasyon l tou, etan done karakteristik klas dominan yo te vle mete nan “nouvo leta” yo a, pa t koresponn ak sa mas popilè yo t ap chache, menm enkonsyaman. Se sèten, alenvès, apyi kouran popilis yo sou mas yo pèmèt pwosesis yo te vle a vanse... men degre pouriti leta sa a te rive a pa pèmèt anyen solid reyalize vre: kontradiksyon prezans mas yo pote a, menm domine, menm devye e mistifye, pa pèmèt popilis yo reyalize pyès transfòmasyon serye. Pwa mas popilè yo nan pwosesis la fware ritm avansman yo a. Ansanm ak nati yo, li kondyi yo nan blokaj la. Jounen jodi a, etan done esperyans nou fè, etan done evolusyon konjonkti a, se pa klas dominan yo ki pou ap poze neseseite chanjman leta a ankò, se nou menm mas popilè yo ki dwe rantre nan BATAY pou li, nan kad otonomi nou, apati fòs reyèl nou.

Sa sa vle di?

- Sa vle di, nan limit lit demokratik popilè yo, fòk nou antame / kontinye lit dirèk k ap mete an kòz transfòmasyon leta a reyèlman, nan objektif rive nan yon leta demokratik nasyonal ak baz pou li vin demokratik popilè.
- Gen kontradiksyon nan leta a. Depi li posib, apati enterè mas popilè yo, travayè yo, nou dwe aksantye yo. Pa rapò a fòs reyaksyonè / blokaj yo, nou dwe pote yon kontrepwa. Nou dwe pèmèt konpran fayit la, favorize lit k ap destabilize leta a pi rèd e, konsa, aksantye fayit la. Pou sa, fòk nou apiye an patikilye sou lit ki antangonik ak **nati** leta a menm, nati ki kontinye pote mak sektè pi reyaksyonè nan klas dominan yo e, konsa, favorize dinamism ki louvè chimen pou debouche sou lòt leta a.
- Nan pami tout lit sa yo, gen sila ki kont tout fòm KORIPSYON, se youn nan aks pi enpòtan nan moman an. Lit kont koripsyon nan leta a globalman men, tou, kont koripasyon ki andedan sèten aparèy spesifik, tankou nan **aparèy lajistis** la nou konnen ki pouri jouk nan mwèl zo.

- Gen lit pou fòse sa ki la a fè sa li sanse fè teyorikman e ke li kareman pa fè oswa pa ka fè. La a, denonse yo enpòtan anpil. Men nou dwe antreprann tou kareman sèten aksyon ki, apati pratik nou yo menm, kontribye nan denonse yo a men ki, an menm tan, pèmèt fè fas a enkapasite yo a, **apati enterè travayè yo**. Konsa, n ap afekte yo piplis toujou. Travay sou rezolisyon pwoblèm sante yo, pa egzanp, edikasyon, òganizasyon pwodiksyon ak sikilasyon machandiz nan zòn rural yo, dwe pèmèt sa.
- Nou dwe konsyan nan tout sityasyon sa yo kote travayè yo ap kòmanse pran pwòp tèt yo an chaj, non sèlman n ap jwenn leta anfas nou (byen souvan yo pap fè anyen men tou yo pa kite anyen dòt fèt, sitou si se travayè yo k ap fè l apati enterè pa yo), kidonk non sèlman n ap jwenn leta anfas nou men tout aparèy para etatik enpeyalis yo mete sou pye yo ap la pou jennen nou, bloke nou. Se ka ONG ki anba lèzòd enpeyalis yo. Sèten nan yo deja gen yon enpak negatif men enpòtan sou popilasyon an: yo pote yon opòtinism anraje, yo devlope yon kliyantelism avanse e dekalaj salè yo vin ak li a destabilize rapò egzistan yo, nan move sans lan. Kidonk, nou dwe kanpe anfas yo, denonse yo. Se yon batay k ap difisil. Nou dwe mennen li nan menm pwoblematik lit pou lòt leta a e byen trese diferan aspè yo youn ak lòt.
- Poutèt tou sa tou, nan sa n ap fè a, fòk nou vini ak **estrikti** ki koresponn a **enterè travayè yo** tout bon. Nan sa, mobilizasyon popilè a fondamantal, responsabite travayè yo kle. E nou dwe travay pou tout avanse reyonal rive devlope pou vin gen yon pòte **nasyonal**, nan kad POTE ALTÈNATIV NASYONAL la, kote pratik sa a menm dwe pèmèt wè **aplikasyon posib yon pwogram**. Mas popilè yo, travayè yo **kapab!**
- Nan konkrè tout BATAY sa yo, n ap vanse nan konstwi LÒT ALTÈNATIV la, kidonk: mache sou 2 pye nou. E fòk sa fèt **konsyaman**.
- Lè nou konsidere degre pourisman an, efè li sou mas yo e sou fòmasyon sosyal la globalman, li ankò pi nesèsè nou rive konstwi yon prezans otonòm sou sèn politik la, a tout nivo. Prezans sa a dwe rive gen yon enpak deplizanpli enpòtan sou mas popilè yo e ede yo nan avansman yo nan lit fondamantal yo, patikilyèman nan lit pou rive genyen yon lòt leta a. Prezans sou sèn politik la ap pèmèt atenn yon nivo global, nasyonal. Sa dwe ede nou pote lòt altènativ la.
- **Ajitasyon-pwopagann** lan rete nan tout moman sa yo fondamantal. Depi nan ensèsyon-transfòmasyon pratik nan mitan lit mas yo, rive nan mete sou pye e oryante lit otonòm yo menm, pwodiksyon-distribisyon-divilgasyon materyèl pou ajitasyon-pwopagann lan kle: pou wè nesèsite genyen yon lòt leta a, pou mye BATAY pou mete li sou pye.
- **Se tout fòs pwogresis yo**, nan kad otonomi relativ yo e nan kad konstriksyon yon kowòdinasyon baze sou prensip inite-lit-inite k ap rapwoche yo, ki pou konstwi altènativ sa a. Batay sa a ki pral mennen an, bay jwen pou sèten fòm opòtinism devlope. Lit kont karakteristik sa a dwe fèt tou an pèmanans.

*

Jan nou deja montre li, tout lit sa yo ap lonje dwèt sou nesèsite lòt leta a. Li enpòtan nou kenbe kont de sa omaksimòm pou devlopman lit pou lòt leta a menm. Nan sans sa a, nou dwe klè se ak BATAY nou e apati BATAY MAS YO, n ap rive poze, atake e rezoud kesyon sa a. Nan moman kote nou ye la a, nan moman fòmasyon sosyal la ap travèse a, **nesèsite yon lòt leta a, SE YON OBLIGASYON!** Se yon lit politik dirèk ki pou mennen nou la e soti nou nan demagoji, gaspiyaj lajan, vòl òganize...

4.- NESESITE KONSTRIKSYON YON MOUVMAN DEMOKRATIK POPILE

Pou tout lit global sa yo mennen, pou nou rive ranpòte laviktwa, youn nan zouti pou nou konstwi, se yon kokennchemm MOUVMAN DEMOKRATIK POPILE. Se baz pou nou gen FÒS maksimòm.

Mouvman sa a dwe òganize, estrik e reyèl. Fòk li baze l, elaji l e konsolide l NAN SEN MAS YO MENM, nan mitan pratik lit yo, nan lavi toulejou yo, apati pratik ki deja fèt, ap fèt e pral kontinye fèt. Yon **Mouvman Demokratik Popilè**, demokratik nan objektif li, nan revandikasyon li, nan lit li, nan fonksyonman li, nan konstriksyon li ak nan devlopman li.

Fòk li baze sou prezans reyèl, militant sou teren an. Ak inite ALABAZ, ki pa annik inite nan manifestasyon sèlman, oswa apati anwo. Men an menm tan tou, depi kounye a, san presipitasyon e san bouyi vide, fòk nou konstwi rapò ant kouran ki wè e konprann neseseite a.

An lagan, dwe gen tach presi pou sa, deba, miz sou pye, konstriksyon, devlopman, replanifikasyon, pouswit... pratik, lit... Li ka derape apati inisyativ otonòm ki deja egziste oswa ki pral mete sou pye, men fòk li toujou vanse nan kad yon pratik inifye, kowòdone.

Prensip fondamantal pou sa, se delimitasyon klè ki dwe egziste ak popilis yo; men tou, delimitasyon klè ant klas yo nan kan pèp la, wòl yo chak ka / dwe jwe, san volontaris.

Nan kad sa a, enpòtans denonsiyasyon tout sa ki kont enterè nou, enpòtans mobilizasyon pèmanan nan kad enterè nou, enpòtans pwopozisyon, plan batay... apati enterè nou menm ouvriye, nou menm travayè, nou menm mas popilè yo an jeneral, dwe prensipal.

Nou dwe travay ak pasyans men detèminasyon pou fè pase neseseite travayè yo reyèlman nan wòl potomitan yo dwe genyen an. N ap gen pou fè fas ak divès retisans. Nou dwe rezoud yo kòrèkteman.

II. AKS GLOBAL PATIKILYE

Nou rete sou sèten aks ki gen yon karaktè global e jeneral. Gen divès lòt ki pa gen yon karaktè global ki sitèlman jeneral men, sou kesyon y ap touche a, yo global. Swa yo global pou tout yon milye (se egzanp kesyon tè a pou milye rural la); osnon pou yon seri travayè (se kesyon salè a pou ouvriye yo oswa anplwaye salarye yo, pa egzanp); swa yo global pou tout popilasyon kan pèp la (se egzanp chomaj, lavichè... men tou: lasante, ledikasyon... men tou: pwodiksyon agrikòl, kesyon lajistis la...) men san se pa yo ki detèmine sistèm jeneral la answa, yo pa sidetèminan. Yo pa limite yo nan yon rejyon, kidonk nou pa ka di yo rejyonal, ni yo pa sou yon senp kesyon men, jan nou di a, se pa yo ki sidetèmine sistèm jeneral la answa. Jan nou ka wè, gen divès nivo nan globalite a e nou dwe byen delimite yo.

Sou kote sa, aks global ki yo menm sidetèminan yo (sila nou manyen nan premye pati nou devlope a: plan neyoliberal la, okipasyon, leta...) ka gen de manifestasyon konkrè, imedyà kote yo esprime yo nan aks global patikilye yo. Se kote plan neyoliberal la pa mande yon ledikasyon avanse oswa menm anpeche l, pa egzanp. Diferan mobilizasyon yo dwe atikile divès nivo yo, menm si, chak fwa, n ap gen pou konsidere otonomi relativ chak.

1.- CHOMAJ - SALÈ - LAVICHÈ

Se sistèm global la ki lakòz 3 malè sa yo blayi anwo do nou. Malgre tou nou dwe goumen kont yo dirèkteman e nou dwe mobilize anfas yo chak konkrètman. Apre anpil kontradiksyon nan mitan klas dominan yo ansanm ak politisyen ki osèvis yo, apre anpil dilatwa, finalman gen yon nouvo gouvènman yo mete. Menm jan ak tout sa anvan yo, yo benyen nou ak jeneralite. E yo pwomèt nou « fèy de wout » nan 3 mwa. Pou pèspektiv revandikasyon nou, se GWO BATAY ki pou fè yo reponn. Nouvo gouvènman an, ak kalite arivis li genyen yo, kalite konpwomi-konpwomasyon li fè yo, deja pèmèt wè oryantasyon jeneral li. Se menm ak oryantasyon kad global enpeyalis yo prepare pou nou nan 2 gouvènman anvan yo: GEN KONTINYITE, menm lè langaj la chanje. Yo pale de mobilizasyon ak solidarite, 2 gwo mo. Men nou dwe klè: si pou yo materyalize sa y ap di a, menm nan yon minimòm, se apati inisyativ pa nou. MOBILIZASYON, se pa konbit! Mobilizasyon, se **BATAY** pou **RACHE!** N ap gen pou mobilize, nou dwe mobilize! Se pa klas dominan yo ki pral janm fè “solidarite” ak nou. Yo anfas nou, nou anfas yo. Se solidarite nan mitan nou sèl ki pou pèmèt nou gen fòs pou nou rache revandikasyon nou, rache dwa nou.

Sou kesyon chomaj-salè-lavichè a, gen yon kesyon nou dwe klè sou li an lagan: **chomaj-salè-lavichè fòme yon inite**. Nou dwe gade yo ansanm, menm si, jan nou deja di li, fòk nou atake yo chak an patikilye. Nan yon moman kote siklòn devaste nou e sitiyaasyon an ap vin pi di, nan yon moman kote « èd » ap vide nan peyi a menm lè gen limit pa rapò a bezwen yo, nan yon moman kote visye nan leta pral vòlè pi rès jan sa toujou fèt, nou dwe presize batay nou sou kesyon chomaj-salè-lavichè a piplis. Lit sou 3 kesyon sa yo dwe **redouble**, nan fòm korèk yo. Pandan n ap asire nou sou itlizasyon lajan k ap vide sou peyi a, nan yon oryantasyon ki pa anpirik ni emosyonèl, n ap rekonsantre sou kesyon ki touche nou pi lajman, pi an pwofondè: **nou gen pou konsantre nou sou kesyon chomaj-salè-lavichè a**.

Kesyon siklonn lan tou ede “responsab” yo fè dilatwa sou mobilizasyon avril yo kote nou te leve kanpe reklame lavi nou. Jounen jodi a, menm si dezaz yo mete nou nan difikilte pi rès, nan soufrans pi rès, fòk nou rekonsantre sou sa nou te deja ap goumen pou yo a. Sa mande anpil kouraj. Men nou klè tou: sèl jan pou nou rache ale mye nou, se ak revandikasyon ki rele nou chèmèt chèmetrès. Se sèl jan, dayè, siklonn ak dezaz pap kontinye afekte nou menm jan an ankò.

- Pou kòmansè, pou fè fas a **chomaj** la, fòk gen yon **politik** presi, klè, byen defini. Se wòl leta a. La ankò, se pwoblèm. Nou menm, nou la pou goumen pou jwenn travay. Men nou la pou goumen tou pou reyòganizasyon pwodiksyon an, reoryantasyon itilizasyon resous yo, reyòganizasyon lavi ekonomik la. Nou la pou batay kont tout pawòl mistifikasyon, tout mistifikasyon ki rezime a fè sèten ti zak limite yo vle bay wòl yo pa genyen e ki plen efè negatif.
- Travay “wòt entansite mendèv” la, nou dwe gade li sou yon ang rantablite reyèl. Se meyè fòm pou travay sa yo debouche sou dèt inisyativ ki, yo menm, ap bay anlwa dirèk pwodiktif. Se pa bay yon ekip ti gran moun bale lari, netwaye egou, swadizan kire kannal nan vil, k ap rezoud chomaj, sitou lè yo mal peye yo oswa, souvan, pa peye yo ditou. Se maske apwòch sa a ap maske chomaj la, se ilizyon l ap kreye. Moman an mande yon refleksyon ak desizyon pi pwofon. Nou menm, se vini pou nou vini ak altènativ pa nou e **BATAY** pou li. Yo pa ka rezoud chomaj la an 2 jou, men fòk nou fòse yo pran inisyativ ki al nan sans sa a. Sa mande rantre nan reyòganizasyon itilizasyon resous yo. Gen kòb nan peyi a, pa egzans, fòk gen yon politik ekonomik endepandan. Fòk yo fòse bank yo rantre ladan li. Fòk leta oryante li e kontwole li. Yo dwe gade li nan agrikilti a pou fè fas a izirye yo. Yo dwe gade li nan endistri a pou redyi potansyèl ouvriye 2 bra balanse yo ak tout sa k nan chomaj yo. Sa mande tou reyòganizasyon itilizasyon tè a. Gen tout tè ki atè yo, tè leta ki nan men patikilye : rapidman yo dwe fè yo pwodyi. Si sa fèt, sa ap ede nan redyi migrasyon, sa ap ede nan rantabilizasyon. Nou menm travayè, nou dwe kreye travay nou. Sa vle di monte sou tè yo e fè leta entèveni. Pou izin yo, nou dwe fè yon kanpay pou demistifye tout pawòl van ki genyen sou lwa **HOPE** la, ansanm ak tout fo mirak li sanse pral pote. Menm jan an, nou dwe kanpe anfas tout mistifikasyon sou « pwodiksyon nasyon » yo vle limite a agrikilti a, san yo pa menm mete sou pye estrikti ki pou reponn a oryantasyon sa a.

Tout ouvriye dwe klè: lojik boujwa yo vle vann lan pa koresponn pyès ak reyalite blokaj peyi a. Boujwa yo, ak tout sousou yo (ekonomis, jounalis, entelekyèl tout kalite ki osèvis yo) toujou vle fè nou konprann yo pral “bay travay”. An reyalite, yo pa enterese vre nan sa. Nan sistèm n ap viv la, kiyès ki, lè li bezwen yon bagay reyalize, panse se “bay li pral bay travay”? Non, sa li vreman vle a, se: sa li bezwen ki pou reyalize a, reyalize! Sèl moun ki gen enterè nan **travay**, se nou. Boujwa yo vle fè kwè y ap wete jèn ki nan lari a, y ap ba yo yon bagay pou yo fè. Non sèlman li pa rantre nan yon politik e lè sa a, li vin mistifikatè, non sèlman yo pa menm ka fè l vre, men 2-3 grenn djòb yo “kreye” nan soutretans la, se konpayi etranjè ki pòte l, nan yon fòm ki pa kite anyen nan peyi a, ki ranfòse depandans lan e ki kreye jwen pou tout kalite pwoblèm. Nou dwe klè, ideyoloji “bay travay” sa a k ap pran fòm piplis jou an jou a (aklè oswa anba chal) kanpe sou yon sèl bagay : **esplwatasyon san rezèv, san limit!** Sou Janklod, te gen piplis travay nan soutretans lan. E poutan, pa gen yon fanmi ouvriye ki ale mye. Jounen jodi a, esplwatasyon an ogmante piplis. Menm jan an, se boujwa k ap benefisye tou sèl. Sa montre nou se pa “bay travay” ki objektif yo vre. Vre objektif yo, se esplwate mendèv yo fin rann pi bon mache a. Se tout.

Lavi nou se travay. Depi genyen, n ap travay. E moun ki toujou travay, se pa « yo » ! Men lavi nou tou, se **BATAY**. Pou defann enterè imedyà nou, tankou enterè fondamantal nou, se ranmase karaktè nou, mare ponyèt nou! **BATAY** kont chomaj! **BATAY** nan travay. Batay anfas esplwatasyon, batay kont esplwatasyon. Tou sa, si nou te gen apyi vre, ta mande pou ta gen yon gouvènman ini, fò, ki konprann kesyon an e ki ta abòde l san mistifikasyon. Nou pa genyen li. Kidonk, se **NOU** ki pou mennen konba sa a, ak pwòp fòs pa nou, otonòm, detèmine. Men, fòk nou klè tou: menm rezon ki fè gouvènman an pa apiye nou, se menm rezon ki fè li kont nou an (nan Ministè Afè Sosyal, nan Lajistis...): **se boujwa yo ak enpeyalis yo l ap sèvi**. Kidonk, menm jan an, sa mande **BATAY ANFAS GOUVÈNMAN AN**. Pou fòse li respekte dwa nou, pou fòse li respekte dwa nou genyen pou nou goumen pou rache dwa nou, ni sa ki deja ekziste yo pa respekte yo, ni tan dèt nou gen pou rache! Pou nou jwenn yon souf nan lavi nou, pou pitit nou ka jwenn yon lavni. Sa mande ini tout fòs ki ka vanse nan sans sa a.

Rezoud chomaj la mache men nan men ak yon **salè** kòrèk, yon salè moun ka viv nan nivo peyi a. Nou pa la. Tout salè yo, se salè mizè, kit se nan izin kote minimòm lan se yon souflèt pèmanan, kit se nan agrikilti kote gen zòn vann jounen ap touche 20 goud toujou. Men nou dwe konsyan tou: salè nan sipèmache, bank, konpayi telefòn, ponp gaz, restoran, papetri etsetera era... tout se salè mizè. Yon bann jenn moun, ki soti nan lari a, se vre, men salè yo touche a, se pou gwosi kapital boujwa a prensipalman li la; y ap mouri kon sa, oswa y ap kraze sante yo anvan lè: lavni pa pou yo. **BATAY pou ogmantasyon salè minimòm la, se yon nesosite, SE YON OBLIGASYON POU NOU TOUT KI TOUCHE YON SALÈ MIZÈ! E menm moun ki touche en pe mye yo, ogmantasyon salè minimòm lan ap pèmèt tou ogmante pa yo. BATAY sa a dwe relanse ak fòs!** Afè Sosyal kalkile li li menm, yo avwe sa: se **300 goud** ki pi piti pou yon travayè ka viv ak fanmi l. Se pi piti pou nou asepte!

Nan kad BATAY sa a, nou dwe presize revandikasyon chak kalite ouvriye (izin, agrikòl, konstriksyon, karyè...). Sitiyasyon konkrèt yo pa menm e chak dwe jwenn satisfaksyon pa yo, menm si lit la dwe dinamik. Nan yon premye tan, nou dwe vize yon salè minimòm nasyonal. Salè a, se youn nan fòm revni travayè yo pran. Li konsène ouvriye yo ak anplwaye salarye yo. Fòk batay pou ajisteman – ogmantasyon salè ouvriye yo fèt san pyès reta. An menm tan tou, fòk ajisteman - ogmantasyon salè anplwaye salarye yo devlope. A nivo sa a, fòk gen lwa ak kontwòl sou pakèt lajan konpayi yo ap fè sou do nou. Nan moman n ap viv la, fòk gen kontwòl pou ka gen reyenvestisman nan peyi a. Menm kant nan sistèm yo a, yo pale de “respè pwopriyete prive” e ke kòb la rete “pwopriyete” boujwa yo, fòk gen kontwòl sou benefis san limit yo soti pou reyalize yo. Kontwòl, kidonk, sou pataj ant pwofi ak salè, kontwòl pou reyenvestisman.

Pou ouvriye ak travayè tout kalite kapab fè respekte dwa yo e, nan kad lit jeneral sa a, goumen pou ajisteman-ogmantasyon salè yo, youn nan zouti yo mete sou pye, se sendika. Lalwa, non sèlman asepte li, men li menm mande pou travayè yo mete yo sou pye. E poutan, non sèlman boujwa yo pa respekte legalite sa a pyès (menm si yo vle fè kwè yo pa gen pwoblèm ak sendika e ke lè yo revoke tout ouvriye ki fèk sendike, se yon “aza”...!!!) kidonk, non sèlman boujwa yo pa respekte lalwa sa a pyès men leta toujou la pou apiye boujwa sa yo, pèmèt yo fè sa yo vle, jan yo vle. Yon leta ki ta vle konsidere dwa travayè yo, nan “Eta de dwa” yo a, fòk li ta kapab fè respekte dwa sendikal la e menm favorize miz sou pye òganizasyon defans travayè nan tout antrepriz. Si y ap pale “Eta de dwa”, fòk yo ta kòmanse respekte li pwòp yo menm! Men, ankò yon fwa, nou pa la. Leta a, se nan avantaj boujwa li ye. Sa montre nou ankò yon fwa: yon lòt leta a, se yon nesosite vre!

Yon lòt fòs pou travayè yo (si, nan kad gwo goumen, sendika a resi monte), se kontra travay kolèktif la. La ankò, se yon rapò lalwa asepte e pwomouvwa menm. Tout gouvènman pase yo pa janm rete sou sa. Okontrè, yo kite pwopriyete biznis yo pase l anba pye, kraze l. **KONTRA TRAVAY KOLEKTIF** la, se yon zouti nou ka gen nan men nou pou pouse BATAY nou pi lwen, se youn nan fòm nou gen pou chache tabli yo tout jan, l ap favorize INITE nou, antanke travayè nan yon branch, nan yon sektè, l ap pèmèt fòs nou vin pi gran, pi solid. **Batay sou kesyon salè a lye ak kalite òganizasyon n ap mete sou pye pou rantre nan konba sa a.** Fòk nou klè sou sa. Nan sans sa a, revandikasyon nou, lit nou, objektif lit nou ak òganizasyon n ap mete sou pye pou atenn yo dwe makonnen.

Gen lòt fòm revni ki pa salè, e travayè ki nan sektè sa yo gen revandikasyon pa yo pou amelyore kondisyon lavi yo. Komès se youn nan aktivite mistifikatè ki pi anraje. Ti komèsan yo pa konprann dominasyon gran komèsan yo gen sou yo, ata mwayen komèsan pa wè kote y ap soufri, epoutan, nan moman an, se yo tout ki nan kanno. Pi rèd, ti machann yo, meri yo ap panike yo san rete, vòlè zafè yo, toujou egziye yo degèpi, kòm si vil la pa pou yo, kòm si teknokrat sousou sa yo pa ka chèche yon solisyon ki ta òganize ti machann yo nan kote yo ye a menm, tankou sa fèt nan Monwi, pa egzanp.

Gen atizan yo, yo menm tou yo gen revandikasyon pa yo. Nonsèlman globalite e dinamism sistèm neyoliberal sousou a ap pwoletarize yo pi vit toujou, non sèlman konpetisyon ant yo menm ap akselere pwosesis lan, men leta pa ede yo nan anyen, san konte l ap rapouswiv yo sou twotwa, l ap atake yo nan siviliv y ap chache siviliv. Sou kote sa, gwo mezon komes pwodyi atizanal yo ap fè milyon ven sou travay atizan yo: yo achte nan pri ki ba anpil, pou yo revann yo gwo lajan, nan galri yo oswa aletranje. Fòk leta ta mete yon kontwòl sou benefis san limit boujwa komèsan sa yo vle fè sou atizan sou pretèks “se yo ki gen kontak” se yo ki fè tout gwo lajan an, pandan se atizan an ki fè tout travay la. Fòk leta te ka pèmèt pou atizan yo jwenn avantaj lokal vant, estokaj e benefisyè fwi travay yo kòmsadwa.

La ankò, nou tounen nan wòl leta a. Non sèlman pou pèmèt ede soti nan aktivite “enfòmèl” ki se degizman yo, men tou nan kontwole pri ak aji sou pwofi sikwi kapitalis boujwa a ap reyalize sou sila grapiyay la, ant gwo komèsan ak piti, fasilite pou atizan jwenn matyè premyè ki ta pèmèt yo relanse pwodiksyon an, vini ak yon oryantasyon ki pèmèt soti nan depandans pa rapò a pèpè yo. Tou sa ta dwe mache ak yon fòmasyon ki lye ak pwodiksyon an, nan enterè travayè yo. Nou pa la! Depi sa ki ka fèt nan moman n ap viv lan, nan sosyete n ap viv la, san menm rantrè nan boulvèsè li totalman, **fòk gen yon lòt pwojè sosyete**. Ekip nan gouvènman ki la a, menm jan ak tout lòt pase yo, se sou blòf sèlman li chita, sou mistifikasyon tou sèl. E, pou nou menm ouvriye, nou menm travayè, nou menm mas popilè yo an jeneral, se ogmantasyon antagonism yo. Egal: se **BATAY TÈT KALE !** Nou anfas yon leta k ap vòlè, fè dilatwa, pwoteje grandon, ranje kabann pou konpayi etranjè ansanm ak jeran isit yo, vin espwate fòs travay nou, pandan y ap mistifyte nou san rete. **YON LÒT LETA, SE YON NESESITE!**

Mobilizasyon sou kesyon salè, se yon aks fondamantal. Atake li, se rantrè nan lit pou amelyorasyon kondisyon lavi travayè yo, **lè li byen trese ak batay sou chomaj la**. Li konn rive vre zanmi-kanmarad chomè yo pa wè tèt yo nan lit sou kesyon salè a. Nou dwe travay pou pèmèt yo konprann **inite ki genyen ant 2 lit yo**, pèmèt yo konprann ajisteman-ogmantasyon salè a, se pa pou moun k ap travay yo sèlman ak sila (fanmi-zanmi) ki ozalantou yo. **Inite ajisteman-ogmantasyon salè / lit kont chomaj la, se yon batay ki fè youn.** Se la nou wè li mande **rebat kat la** nan sosyete a. Sa mande inite chomè-travayè. **SE YON SÈL BATAY.** E yo dwe konsyan boujwa yo sèvi ak chomaj la pou kenbe salè mizè a !

Sou kesyon **lavichè** a kounye a, pa gen, pa ka gen diskisyon. Kit se moun nan tèt leta, kit se boujwa yo, yo te deja ap eseye lolo nou ak yon pakèt mezi tèt chat ki pa t dire pyès, san konte divès fòm detounman boujwa yo ap fè nan voye machandiz lòt bò fwontyè. Jounen jodi a, se sou siklonn ak dezans nou wè yo pi aroyo, pandan y ap dòmi sou kesyon salè a, pandan Agan, reprezantan yo, te deklare fòmèlman boujwa yo pa dispoze remèt nou piplis pase 3 goud edmi - 7 goud sou benefis milyon ven y ap fè pou nouvo salè minimòm k ap pale a! Pi gwo souflèt pase sa, nanpwen! Pi gwo mistifikasyon, nanpwen! Gouvènman an apiye yo nan sa, fè kòm si li pa t janm tandè, pa t janm wè, pandan l ap ba yo gwo akolad nan maraton, pandan li po ko janm vle abòde kesyon salè / lavichè a, pandan tan an ap pase...!

Sa pa dwe detounen nou ! Jan nou t ap di l deja: **MOBILIZASYON SOU KESYON KI ESANSYÈL POU NOU YO, SE SOU YO POU NOU TOUNEN!** Se pa dilatwa ak mistifikasyon boujwa, teknokrat ak granmanjè ki pou fè nou dòmi!

Pou nou menm, pa gen, pa dwe gen diskisyon : **PRI PWODYI PREMYE NESESITE YO** (diri, lwil, sik, siman, kaye ak liv lekòl, lèt pou manman pitit, gazolin, medikaman...) dwe kontwole. Pou kòmanse, yo dwe bese radikalman. E, la ankò, sa mennen a yon reoryantasyon resous yo e nesesitye entèvansyon leta. Leta dwe pran responsablite li onivo politik (kontwòl pri) e onivo ekonomik (fè sikile machandiz nan tout peyi a) fasilite sikilasyon machandiz lokal yo. Selon kapasite reyèl yo, nan **BON JAN TRANSPARANS** e pa annik di / dekrete y a gade “posiblite sibvansyon”. Yo dwe elimine benefis bab e moustach gwo komèsan yo ap fè yo. Apati kontwòl, oryante investisman yo ak garanti politik ak ekonomik nesesitye yo. Fòk nou **BATAY**

POU LETA pran responsablite l e sispann sèl politik li genyen an ki se KWI NAN MEN an. Se yon aspè nan lit pou SOUVRENTE a ! Batay kont lavichè a mande tou sa. Gouvènman reyaksyonè, teknokrat, popilis, pope twèl yo bay jwen pou tout malè sa yo rive e NOU DWE KANPE ANFAS SA, NOU PA DWE ASEPTE SA !

Yo konn pran pretèks lè salè monte, pri tout lòt machandiz ap monte. Se yon lojik reyaksyonè boujwazi a. Yon leta ki ta vle rezoud kriz ki blayi jounen jodi a sou fòmasyon sosyal la, ta dwe jwe wòl li nan bloke lojik sa a, ki pa menm kenbe obligatwaman, nan lojik kapitalis yon boujwazi ki mèt tèt li.

Nou menm, se nou ki gen enterè nan travay, se nou ki gen enterè fini ak chomaj, ak yon salè pou nou viv. E, viv, vle di, an menm tan: kontwòl lavichè ki anpeche nou viv la e pare pou goumen ak detèminasyon kont tout fòm mache nwa.

Chomaj - salè mizè - lavichè, yon sèl lojik: souse nou, fini ak yon popilasyon travayè. Li montre, kòm klas, boujwa sa yo pa gen enterè nan peyi a, yo pa gen enterè nan anyen, sòf pwofi sèl jenerasyon yo a. Tout avni, tout devlopman, tout repwodiksyon a lon tèm peyi a, se sou do nou li chita. Lit sou kesyon sa yo, kòm 3 aks ki fè youn, se sèl mwayen pou nou pran responsablite nou e vanse. Batay sou tou 3 aks lit sa yo kle, fondamantal. Li dwe ranfòse, redouble.

2.- PWOBLEM TÈ A, PWODIKSYON AGRIKÒL LA

Nan yon moman kote y ap fè demagoji sou pwodiksyon nasyonal, nan kad yon gwo defòmasyon kote pwodiksyon nasyonal pratikman egal pwodiksyon agrikòl, pa gen okenn efò pou poze **pwoblèm TÈ a**, ki fondamantal nan agrikilti a, a kote fòs travay la. Anfèt, yo pale tout bagay teknik, san manyen pwoblèm **RAPÒ PWODIKSYON nan agrikilti a**, ki se kòz fondamantal evolusyon negatif agrikilti a. Rapò yo bout depi lontan, yo bloke tout devlopman. Youn nan aks fondamantal e imedyata batay nou nan zòn riral yo se tè a, rapò yo. Nou gen divès nivo batay pou nou mennen.

Se rapò yo ki pou chanje TOTALMAN. Afè dimwatye a dwe KABA pou nou gen nouvo rapò. Dwe gen mobilizasyon pou sa, dwe gen yon lòt òganizasyon pwodiksyon. Nou dwe travay pou tout ti pwodikte konprann e asepte afè timouchwa tè a pap mennen okenn kote. Li nesèsè rantr nan yon pwodiksyon kolèktif e byen panse. Pratik kominotè apati enterè travayè yo dwe bay baz pou vanse nan sans sa a.

Men gen 2 lòt lit. Youn, limite, ke nou dwe mennen rapidman; e youn, pi pwofon, pi global. Tou 2 mete nou anfas leta a. E nou dwe gen menm prensip la : n ap mache sou 2 pye nou. Fòk nou fòse leta aji apati BATAY nou, fòk nou deja fè sa nou ka fè. Tou 2 aspè nan prensip la baze sou youn ki pi gwo : SE RACHE POU NOU RACHE satisfaksyon revandikasyon nou yo. Lòt limite a, se sou kesyon **3 lo a**. Pwopriyete fonsye yon bann zòn, sitou nan gwo plèn yo, refize respekte l. Menm kant Kòd Riral la se yon fatra, kote nou dwe jete l pou nou poze pwoblèm yo yon lòt jan nèt men, nan moman an, fòk nou goumen pou gouvènman an entèveni pou fòse respekte atik ki, andedan l, ka pèmèt nou jwenn yon ale mye. Premye demach la, se fè sonje se 3 lo a yo dwe aplike, se pa dimwatye. Se 3 lo a lalwa a di! E montre y ap pran sanksyon si sa pa respekte. Si yo pa ka fè ti sa a, yo pa bezwen vin fè demagoji sou refòm agrè.

2yèm lit la kounye a, se kesyon **refòm agrè a**. Fòk yo vin ak yon lwa ki kenbe kont pozisyon travayè yo, e aplike li vre. Yo dwe vanse vit, yo pa gen twòp tan devan yo. Fòk yo rantr nan aplikasyon li. Refòm agrè a, se yon nesèsite. L ap pèmèt atake rapò akayik yo. Pou nou, **fòk « richès » yo rele « TÈ » a, rete nan men travayè k ap travay yo a**, endividyèlman osnon kolèktivman (jan sa rive fèt nan Gwasimal, pa egzanp, depi dènye lit ki te mennen la yo). Yo dwe travay pou pwodiksyon an òganize nan kad rapò kolektif. Dwe gen kontwòl itilizasyon reyèl tè a. Sou kote tou sa, pa dwe gen okenn tè ki ret atè. **Fòk yo travay tout tè.**

Pou sa, dwe gen planifikasyon. Fòk gen yon relve rapid tè leta yo. Yo dwe fè li ak detèminasyon. Yo dwe redistribye yo nan kad nouvo rapò yo, ankadre travayè yo, ede gen enfrastrikti, irigasyon, jwenn angrè, ensektisid...

An menm tan, yo dwe redistribye tout tè « prive » yo pap travay, pandan leta dwe mennen bon jan ankèt istorik sou ki jan tè sa yo fè vin « pou » gwo pwopriyetè yo e depi ta gen prèv, dout sou magouy oswa benefis yo te tire lè youn te prezidan, oswa zanmi-fanmi prezidan, oswa prefè, majistra, chèf seksyon oswa pi pre nou la a, kazèk elatriye... yo tout ! fòk yo bay travayè travay yo klèman e sanzatan. E fòk yo òganize pwodiksyon an nan kad nouvo rapò k ap pèmèt rantabilize li rapidman.

Kesyon **fondamantal sa a**, ki se youn nan mak fabrik pi pwofon sosyete akayik la, piyajè ayisyen yo, ki se youn nan mak fabrik ki ekziste depi rezon ki fè yo touye Desalin lan e ki anvenime pandan tout listwa peyi a, **DWE REZOUZ TOTALMAN! LI DWE JWENN FEN LI !** E se nou menm travayè ki se sèl motè ki ka e ki dwe pèmèt rive la.

Nou dwe konsyan klas dominan yo pa enterese. Okontrè, yo toujou jwenn rezon, swadizan “reflechi”, pou detounen moun nan poze pwoblèm la e vin ak solisyon pou li. Kidonk **y ap anfas nou !** Esperyans nou nan plenn Akayè montre sa klè : poze 3 lo (menm 3 lo ki se li ki legal la!), pou yo, se deklare gè sivil !!!

N ap mache sou 2 pye nou. N ap goumen anfas leta, kont leta, pou fòse li entèvni, menm si nou konsyan sa remennen nou devan menm pwoblèm lan : **NESESITE YON LÒT LETA**. Batay nou dwe pèmèt devlope konsyans sou nesosite sa a piplis. An menm tan, n ap kòmanse sa ki dwe fèt la. Nou pap annik « mande ». N ap òganize nou pou kòmanse, kontinye **MONTE SOU TÈ YO**. E fòse **INARA** entèvni apati nouvo sitiyoasyon nou kreye a. Pa rapò a tè leta yo, yon pratik konsa **legal**, menm si sa segondè pou nou. Men nou konsyan, nan divès zòn, li ka, l ap mennen konfli, swa ak grandon, swa ak responsab lokal, ti responsab leta nan zòn yo ki toujou lye ak grandon, jij... Nou dwe panse sou sa e mete leta devan responsablite li, kidonk lit sou teren, sou tout fòm.

MODÒD la se : MONTE SOU TÈ LETA YO ! MONTE SOU TOUT TÈ YO PAP TRAVAY ! (tan pou nou chita ap gade yo atè a, n ap mouri grangou). Kidonk, **FÒSE LETA ENTÈVNI** pou « **DEVLOPMAN PWODIKSYON NASYONAL** » !

Batay sa a fèt pou byen trese ak sila ki kont tout fòm dominasyon (espekilatè, ONG k ap jwe wòl espekilatè degize, kazèk, azèk, polis bout baton yo, elatriye...). Batay sou kesyon tè a trè esplozif. Solisyon yo esplozif tou. Non sèlman li montre nesosite lòt lit la, men li toujou gwòs afwontman. Youn nan aks enpòtan nan travay sou sa se **ÒGANIZASYON KONBA** peyizan domine esplwate yo. Nan lit konkrèt yo, nesosite sa a parèt klè (ekzanp : Gwasimal, Akayè, Ba Plato, Lifèb nan Nò, Nòdès la, Nòdwès...). Fòk tout òganizasyon yo devlope nan lespri **KONBA** a. E fòk gen **ÒGANIZASYON KONBA** menm. Fòk **BATAY** sa yo, ansanm ak òganizasyon pou mennen yo pran chè tout kote e fòk nou bay lit la **PÒTE GLOBAL, NASYONAL** li dwe genyen an. Fòk lit yo kowòdone, fòk yo fè youn.

Gen divès kouran, divès òganizasyon ki angaje nan kalite batay sa yo. Yo dwe travay pou inifye batay yo, gras a kontak, echanj esperyans, kòdinasyon. Travay pou rann lit yo global e gen pòte nasyonal yo dwe genyen. Fòk gen inisyativ ki pran nan sans sa a, kidonk inifye politikman onivo liy, estrikti, batay.

Batay sa a gen sèten lòt pratik, lòt batay ki dwe akonpaye li sou bò pa nou. Li dwe mache ak **BATAY** fas a leta a. Gen **INARA** ki dwe pi dinamik e gen yon lòt oryantasyon. Gen moun anndan an ki kapab, nou dwe goumen pou yo pran responsablite yo. Gen lit legal yo : yo dwe bay baz pou nou atake yo, kòmanse lye yo ak batay kont pwopriyetè fonsye yo e fè lyezon ak tout malvèsasyon yo konn fè yo.

Li dwe trese ak batay pou yon meyè sikilasyon machandiz yo, pwodyi yo. Nou dwe byen kenbe kont òganizasyon nou nan plizyè zòn pou meyè kòdinasyon. Nou dwe repanse sèten mache e vin ak lòt si nesèsè.

Nou dwe goumen kont taks nan mache yo ki pa tounen vin jwenn nou sou fòm okenn sèvis. Kidonk sa mande òganize sikilasyon pwodyi yo, machandiz yo apati enterè nou e kanpe devan desizyon leta sou fòm ki annik taks mache yo !

Nou dwe kanpe anfas tout fòm represyon-opresyon azèk, kazèk ap fè nan sèten zòn. Yo mete nou nan yon sitiasyon kote nou febli e gen mwens latitud pou nou vanse nan lit sou kesyon tè a, pandan yo menm y ap kontinye vòlè tè. Sa mande nou limite yo nan wòl yo vle jwe e fòse yo rete nan wòl konstitisyon an ba yo.

Fòk gen lit pou gen enfrastikti minimòm pou sikilasyon machadiz yo. Pale koze “pwodiksyon nasyonal” san sa, se toujou demagoji. La tou, n ap fè sa nou ka fè an lyezon ak lit sou kesyon taks la. E n ap fòse leta fè sa li dwe fè.

Gen yon dènye pwen nou dwe rete sou li, se leta ki ta dwe ap rezoud sèten konfli tè men, okontrè, swa l ap bloke solisyon ki ta dwe soti yo, swa li pa pèmèt jwenn solisyon yo. N ap rete sou 2 ka:

Premye a, se nan Nòdès. Vreman vre, jan tout moun konnen, yo te sezi tè ki te nan men ti peyizan yo pou fè zòn franch la. Yo te sipoze ba yo yon konpansasyon. Yo pran 5 lane pou regle yon pil ak yon pakèt detay. Men, apati konstans batay ti peyizan òganize yo, sou bò pa yo epi ansanm ak nou menm nan Batay Ouvriye, jounen jodi a, finalman, tout bagay regle. Men, ankò yon fwa, leta ap kontinye bloke dènye etap la. Li rekòmanse ap fè yon dilatwa ki, mele ak enkapasite li, ak magouy li, retade bagay yo. Se yon kesyon nouvo gouvènman sa a te ka rezoud vit. La tou, n ap wè l.

Dezyèm lan, se nan Nò. La, pou konpayi Manye Lapostòl kontinye pwodi nan peyi a, yo blije rezoud yon pwoblèm tè nan Limonad (se yon nouvo plantasyon y ap anvizaje). La tou, fòk gen negosyasyon ak peyizan. Leta gen pou jwe wòl li. Y ap vanse. Toudenkou, menm pwoblèm lantè a parèt, absans yon vizyon ki kenbe kont enterè travayè yo, absans yon vizyon ki kenbe kont tout magouy tiboujwa nan zòn lan ap fè pou dòmi sou travayè yo, tou sa, ankò yon fwa, bloke yon avansman kòrèk.

Sou tou 2 kesyon sa yo, batay la ap menen e nou dwe vanse ladan li. Gen divès lòt konsa ki poko eklate, nou dwe fè yo eklate! VIT ! Nan menm sans fòse bagay yo debloke a, fòse yo fèt.

3.- BATAY SOU KAD LEGAL KLAS DOMINAN YO FOURE E KONTINYE AP FOURE NAN GAGANN NOU :

Pou lejitime e fòse esplwatasyon y ap ekzèse sou do nou a, pou òganize esplwatasyon an an rapò ak penetrasyon dominasyon enpeyalis la, klas dominan yo gen **3 kòd yo mete nan kou nou, nan kou peyi a. KÒD TRAVAY la, KÒD RIRAL la, ak KÒD ENVESTISMAN AN.** Nou dwe goumen rès chèche pou dechouke yo, chanje yo osnon modifye yo. La ankò sa mande nou vini ak Altènativ pa nou.

Pou **Kòd Travay** la, gen divès travay ki fèt pou kritike sa ki la a, ak nouvo pwopozisyon ki nan enterè travayè yo, menm si kad boujwa a pa pèmèt rive twò lwen. Men, menm ti sa ki pwopoze yo, leta pa vle aplike yo. Nou dwe pati de yo. Sa ki enpòtan se mobilizasyon pou nou bloke nouvo manèv leta-patwon sòti pou fè pou mete yon kòd ki pi pa nan enterè nou toujou. La a, ankò, sib nou se gouvènman an, an patikilye Afè Sosyal epi palman an. Lit sa a dwe pèmèt nou lonje dwèt sou nati yo. Men li dwe pèmèt nou atake santral pouri yo ki nan kad Tripatit la, kote se pozisyon patwon yo ki gen plis pwa. Lit pou chanjman Kòd Travay la apati enterè ouvriye yo, travayè yo, se yon lit nou dwe angaje vit e vanse ladan li. Nou dwe travay pou mobilize plis ouvriye posib ladan li.

Menm jan an, nou dwe mennen lit pou **antere Kòd Riral** la e poze pwoblèm travay nan milye riral la yon lòt jan nèt, nan kad yon vizyon inifye fòmasyon sosyal la. Y ap pale refòm jistis. Men lwa ki enterese yo, se

lwa ki al nan enterè dominan yo pandan yo vag sou kòd tèt chaje sa yo. La tou, nou dwe vini ak altènativ pa nou e nou dwe soti nan chema kote yo vle kontinye sèvi ak Kòd Riral pou ki la a.

Pandan batay sa a ap mennen, gen divès atik nou dwe fòse yo aplike nan lit konkrèt nou yo. 3 lo nan Kòd Riral la, ansanm ak atik 137 Kòd Travay la (sila sou ajisteman salè minimòm lan), pami dèt. Nou dwe prezan nan tout inisyativ k ap pran sou kesyon sa yo pou nou denonse, fware, fè pase pozisyon nou, jwenn jwen pou yon ajitasyon, yon pwopagann pi laj.

La ankò, fòk nou reyalize inite maksimòm tout fòs ki ka pote kole nan lit sa a, kit se travayè yo, kit se lòt alye k ap kore yo, k ap pote kontribisyon yo sou plan legal la.

Sou kote sa, gen **Kòd Investisman** an. Depi nan rete sou redistribisyon richès ak reyòganizasyon pwodiksyon an, gen divès pwèn ki te deja ap montre fòk yo kenbe kont de yo nan yon Kòd Investisman ki wè enterè peyi, devlopman peyi. Sa yo foure nan gagann peyi a, pa gen anyen pou wè nan sa. Li fèt anba dikta louvè osnon kache enpeyalis yo e, an final, **ap repwodyi sistèm ki mete nou kote nou ye a**, menm si se ak kèk amelyorasyon. Men, la ankò : ki amelyorasyon ? Amelyorasyon nan enterè investisè yo. Kidonk, globalman nan enterè esplwatè yo. Se yon kòd ki nan kou peyi a. E nou dwe **wete li**.

Se 3 batay nou dwe mennen, youn byen trese ak lòt. **Se sèten, la ankò : Nesesite yon lòt leta !** Nou dwe klè sou sa, fè tout moun klè sou sa ! Goumen apati de sa, goumen pou sa ! Fòk gen KANPAY pou MOBILIZASYON !

4.- REVANDIKASYON NOU NAN ESPAS VIL YO

Revandikasyon sa yo konsène travayè ki lavil yo. Yo gen pou wè an premye ak espas kote nou rete yo. Leta pa ba nou okenn sèvis nan katye nou yo (dlo, kouran, adokinay wout, kiray ravin, ranmase fatra, konstwi kay, planifikasyon serye ak preparasyon konkrèt pou fè fas a tout dezaz ak malè pandye ki toujou ap minase nou, elatriye...). Okontrè, l ap sibi enflyans boujwa ansanm ak entelektyèl pa yo ki vle fè kwè se katye pa nou yo **sèlman** ki “mal konstwi”, kòm si se katye pa nou yo sèlman ki san planifikasyon, ki “anachik” (pandan yon bann katye boujwa chita sou tè lalwa deklare yo pa ka konstwi, “non edificandi”, tankou Jivena oswa Mòn Kalvè, pa egzanp) san konte tout kote boujwa konstwi kay pa t janm fèt ak planifikasyon kòrèk nonplis. Fok nou MOBILIZE pou fè fas a ideyoloji sa a (ki se yon lòt fòm esklizyon an pran), **fè fas a atak sa yo** yo vle fè anwo nou e EGZIJE POU LETA OKIPE KATYE NOU YO KÒMSADWA (ranfòse teren kote sa dwe fèt, plante pye bwa ki dwe plante, kire ravin ki pou kire regilyèman, konsolide eskalye yo, adokinen chimen labou yo...: ba nou sèvis kòmsadwa!).

Yon lòt kote yo vle atake nou san pitye, se nan ka travayè ki okipe twotwa oswa divès lari nan lavil yo. Tou dabò n ap reponn yo: se pa vle nou vle chita nan lari yo, anba solèy la, anba wou machin ak nan mitan pousyè, fatra ak labou, **SE KOTE LETA PA BAY POU NOU MENM TI MACHANN OSWA TI ATIZAN NOU FONKSYONE**. Nou pa gen ase kote piblik òganize, **ni, sitou, kapasite ekonomik pou nou ta genyen kote pa nou**. Pwoblèm sa a lye, ankò yon fwa, ak pwojè dominasyon-lespwatasyon an ki pa lese nou yon chans alemye, ki fè se nan yon lamizè kras n oblije ap chache lavi nou. A tout sa, yo vle fout nou deyò tout kote nou ye. Yo pale zafè “lwa ibanis” (kòm si se te yon bagay abstrè e ke se pa t boujwa parèy yo oswa granmanjè lòt epòk parèy yo ki te fè yo, toujou kont nou), “pwòpte lavil la” (kòm si se nou menm ki te salte a), “rezon piblik” (kòm si se pa t nou ki te sèl vre “piblik” nan peyi yo vle pran pou yo tou sèl la!).

An menm tan, “pouvwa” piblik yo pa di anyen, pa egzanp, sou zafè machin k ap estasyon sou twotwa, bagay ki fòse pyeton yo toujou oblije mache nan mitan lari. Se kòm si twotwa yo pa pou pyeton, se pou machin y ap fè yo. La a, nou kapab wè klèman kouman politik piblik nan vil yo oryante pou meprize nou,

rayi nou, nou menm pèp la. Menm lè y ap mande pou twotwa yo ekziste, non sèlman se yon gaspiyaj sosyal (ta ka gen yon lòt apwòch), men se mistifikasyon, ajisteman pou machin.

Se konsa tou, estasyon kamyonèt ak kamyon pwovens yo pa òganize kòrèkteman, ni pa rapò a espas jeneral vil yo, ni an yo menm, ni byen atikile ak sikilasyon oswa mache ozalantou yo, ni an rapò ak transpò piblik ki pral fonksyone alawit gran wout yo. Se menm jan ak transpò piblik la: anyen pa òganize pou fasilite fonksyonman l (kote pou gen bon jan estasyonman, kote pou machin yo, kamyonèt yo vire, kouman pou yo jwenn fasilite sou tout longè diferan sikwi yo...), ni mete kontwòl sou rapò ant chofè ak pasajè. Sou yon lòt bò, pi fò gwo vil peyi a toujou nan de fòm sou lanmè. Yo te ka favorize, òganize transpò sou lanmè a (soti nan yon zòn rive nan yon lòt), konstwi waf pou sa ak tout sekirite, ak tout fasilite kamyonèt lò bato yo ta koste pou tou transpòte pasajè yo pi pre lakay yo... Tou sa se ta wòl yon leta konsekan. Men, ankò yon fwa, nou pa la. Se leta pouri a ki anfas nou, leta boujwa, grandon ak granmanjè a, anba lèzòd enpeyalis yo, boujwa parèy yo.

Si jounen jodi a, nan katye yo, nan ka trè ra, genyen yon planifikasyon k ap mete sou pye, se ANBA KONTWÒL AK KOWÒDINASYON MINUSTAH (tankou sa ap fèt nan Matisan, pa egzanp)! Se sa k fè, premye entèkansyon yo toujou fè, se mete komisarya polis! Nan epòk Divalye tou, yo te wete kontwòl mache piblik yo anba lameri pou mete l anba ministè lenteriyè, ak Woje Lafontan kòm alatèt lè a. Menm jan an, se anba kontwòl Minustah planifikasyon katye nou yo ap fèt. Rapò konkrè: “planifikasyon katye popilè egal kontwòl militè ak devlopman kapasite pou represyon rapid” (pandan tout moun konnen nan katye boujwa yo tou, plen moun ki gen zam ilegal, plen konplo reyaksyonè - antidemokratik, anti popilè, anti nasyonal - k ap mennen, plen gwo chèf gang, plen kontrebandye, plen kay ki sèvi pou kidnapin...). Kidonk, “planifikasyon katye popilè egal kontwòl militè pou represyon”, se yon lòt fenomèn ki montre nou aklè non sèlman rapò dominasyon okipasyon an pote, men li demontre nou, ankò yon fwa, KI SA OKIPAN SA YO VIN REGLE, KI KONFYOLO YO AK KLAS DOMINAN YO, NAN KI ORYANTASYON.

Aks lit sa a montre nou nesite konprann ATIKILASYON ant aks lit global patikilye yo ak sila sidetèminan tankou okipasyon a yo: konprann atikilasyon an e devlope kapasite pou atake tou 2 nivo yo, yon mannyè òganize.

Sou kote divès pwèn sa yo, nou dwe goumen pou yon politik global sou kesyon dlo potab, ak kouran elektrik. Nan espas vil yo, sa ki fondamantal se kote nou rete, sèvis nan kote nou rete. Se espas sa a ki mande nou konsantre sou li nan moman an. Non sèlman siklòn ak move tan kraze nou piplis, nou konplètman ekspoze e leta pa fè anyen pou regle ka pa nou, men pwoblèm bidonvil la dwe rezoud. E se pa nou ki responsab. Nan rezoud pwoblèm sa yo, li enpòtan gen yon politik ki kenbe kont enterè mas popilè yo ni sou kesyon dlo potab, ni sou kesyon kouran, ni sou kay nou dwe kapab rete ladan yo, kay ki pa ti kalòj youn sou lòt y abitye vle ba nou yo. Sa mete nou anfas divès ministè osnon òganism tankou Afè Sosyal, Travo Piblik, CAMEP, EDH... Sa mande poze transfòmasyon atitud leta pa rapò a yo e pwoblèm privatizasyon ki pa solisyon. La ankò : LÒT LETA. Lit sa yo mande nou entèvni sou bidjè a anvan li fèt, lè y ap vote li. Answit, li mande BATAY apre.

5. SOU KESYON LEKÒL, LEDIKASYON AK ANSÈYMAN

Nou deja wè kouman nou dwe mobilize trè klè otou aks sèvis piblik nan katye, nan lavil elatriye: se sèvis yo dwe nou! E se mobilizasyon nou sèl, otou ak nan objektif enterè pa nou, ki pou fè nou jwenn satisfaksyon. Kounye a, gen 2 lòt sèvis, pi jeneral, pi “pwofon”, ki merite atansyon nou patikilyèman, dekwa pou nou BATAY pou jwenn satisfaksyon fondamantal nou la, se: LEDIKASYON AK LASANTE.

Jan nou konnen, se 2 sèvis leta oblije ba nou, nan kad konstitisyon an, men tou – e dabò (se sa k fè konstitisyon an ba yo enpòtans li bay yo a dayè) – nan kad lavi fondamantal yon popilasyon: lavi fizik ak mantal (lasante), lavi lespri ak devlopman kapasite entelektyèl (ledikasyon).

Pou kòmanse, sou AKS LIT **lekòl, ledikasyon ak ansèyman** an, n ap di dabò: se pa yon aza si klas dominan yo ansanm ak leta reyaksyonè yo a pa bay atansyon ak devlopman nesese sa a. Non sèlman se yon lòt ekspresyon eksklizyon an, men, pi materyèlman, pi pragmatikman, se poutèt 2 rezon fondamantal: tou dabò se paske nesese dominasyon akayik ak retade yo a egzije pou travayè yo pa janm devlope ni ka devlope anyen nan kapasite yo genyen (pa janm konn listwa pa yo pa egzanzp, pa janm ka fè lyezon ant lavi yo e ansèyman y ap resevwa a...); answit, se poutèt travay klas dominan yo bezwen nan men nou, lavil kou nan milye riral lan, se, an jeneral (istorikman e deplizanplis - jounen jodi a, pa egzanzp, nan kad pwojè zòn franch tou sèl lan, se yon ekstrèm -) YON TRAVAY SENP. Ki di: ki pa bezwen twòp kapasite nan men fòs travay la. Se konsa, non sèlman yo pap fè lekòl, paske yo pa bezwen travayè a ni konn plis ni konnen anyen, men, ankò, ra lekòl y ap fè yo pap anseye nou anyen nan enterè nou, pou devlopman kapasite nou: se fòme y ap annik fòme nou pou nou dispoze vale mistifikasyon yo a e sibi dominasyon an.

Dominasyon ideyolojik sa a rive jouk nan nivo inivèsite. Vreman vre, la tou, tandans lan se fòme senp teknisyen. Se wòl swadizan « inivèsite prive » yo. An jeneral, rechèch lan pa gen plas, renouvèlman ansèyman an nonplis, ale wè pou avansman l. Se lakòz laksism anseyan yo menm, abandon yo devan sityasyon dominasyon an, men se poutèt rezon pi pwofon divizyon travay mondyal la, kote rejyon Karayib lan e pi patikilyèman peyi d Ayiti, se popilasyon ki dwe ap swiv “kominote entènasyonal” la, san twòp plis. Se nan “gwo peyi” yo yo va reflechi, se la yo fè “lasyans”, rechèch, se sèl la yo mete sou pye fonksyonman ki kòrèk. Kidonk, nou: se swiv pou nou swiv.

Nou pa bezwen mande kouman yon ideyoloji konsa negatif, nefas, FATAL pou nou menm nan kan pèp la. FAYIT klas dominan yo fè yo rive pa gen lòt manyè yo panse: twou yin sa a, se lavi yo menm li reprezante, se sa yo **ye**, se nati sa a yo vin genyen. Li fondamantal pou nou REVOLTE KONT SITYASYON SA A, li fondamantal pou nou KONTREKARE ORYANTASYON SA A, lavi pa nou depann dèske nou MENNEN YON LIT SAN MÈSI, SAN PITYE KONT DOMINASYON SA A.

Ki di ansèyman (jouk pou rive nan inivèsite), di kòmanse depi lekòl primè, depi TIMOUN.

Tou dabò, gen **lekòl primè yo**. Jan yo ka wè nou pa di “fondamantal”. Rezon an, se poutèt nou panse yo dwe abòde kesyon an nan yon lòt pwoblematik. Nou rete kwè lekòl fondamantal la vini ak tout yon seri metòd, prensip, kontni korèk ki pi pozitif pase jan lekòl la te ye anvan an. Nou dwe byen kenbe kont de yo. Men nou kwè pwoblematik la rete elitis e fèmèn nan fè fas a yon « devlopman » yo konsevwa apati kout sizo enpeyalis yo wè pou nou nan kad divizyon entènasyonal travay la.

Nan lekòl pa nou a kounye a (ak enterè peyi a devan, ak enterè travayè yo kòm poto mitan), poutèt tout absans ak oryantasyon alyene diferan gouvènman reyaksyonè pase yo te reskonsab, nou gen 2 gwo reta pou nou konble. Youn se reta ant vil ak zòn riral, atikile ak lit kont eskizyon men kote se lit pou chavire dominasyon an globalman k ap detèminan; lòt la, se reta ant peyi nou an e « gwo peyi yo » sou kesyon lekòl, ansèyman, tou sa nan yon mond k ap vanse trè vit.

Onivo lekòl fondamantal, gen lekòl prive yo, lekòl nasyonal yo ak lekòl kominotè yo. Pou kòmanse, fò n di: menm si konsèp “lekòl kominotè” a parèt e gen refleksyon serye sèten moun fè sou li, 2 premye yo rete dominan e lekòl kominotè a pa devlope vre. Se paske si tandansyèlman konsèp la apiye sou yon entansyon rezoud sèten pwoblèm mas popilè yo, aplikasyon konkrè li rete kan menm trè elitis, toujou nan kad menm mepri, menm eksklizyon an. Pou vanse, li mande pou enterè yo klè, li mande yon liy klè, yon liy an lit, kont tout move zangi, kont tout granmanjè, kont tout abolotcho.

Lekòl prive yo : nan vil yo nou gen pou nou fè fas sitou a pwoblèm lekòl biznis, lekòl bòlèt yo, lekòl kase ponyèt yo. Gen 2 aks : youn se kesyon pri lekòl yo e tout aktivite segondè pou fè lajan yo. Lòt la se kapasite akademik lekòl yo. Pwofesè yo pa kalifye e yo pa fòme yo. Men tou pa gen kontwòl, pa gen ankadreman. Sou kote tou sa, gen salè pwofesè yo ki twò ba. Sa dwe bay baz pou 5 batay : **fas a leta**, pou li pran responsablite li e fè kontwòl nesèsè a ak konsyans nesèsè a pou amelyorasyon sitiyasyon an kit se opwennvi akademik, kit se opwennvi finansye; **fas a direksyon yo, pwopriyete lekòl yo**, goumen pou yon lòt konsepsyon lekòl e goumen kont tout abi finansye k ap fèt yo, goumen pou yon salè nòmal pou tout pwofesè ansanm ak yon ankadreman; **fas a pwofesè yo**, pou yo sòti nan “pito nou lèd nou la” a. Li nesèsè mete sou pye yon nwayo pwogresis pou pote yon lòt altènativ. Òganizasyon pwofesè yo oubyen alyene, oubyen enfeyode e yo pap fè travay yo dwe fè a. Li nesèsè presize liy, vin ak platfòm lit e milite, vanse. Sa mande yon travay fas a sèten òganizasyon, ansanm ak sèten òganizasyon sou sèten kesyon, kont dèt kareman; **devan paran yo**, yo dwe travay pou yo reyèlman konsène e pran responsablite yo an men. Se anpil sakrifis ki voye elèv yo lekòl. Li enpòtan yo òganize yo pou konnen, defann enterè yo; **devan elèv yo**, gen yon minimòm ki dwe fèt avèk yo menm si yo piti nan laj sa a. Kourikoulòm lan dwe pèmèt sa, sa k ap di nan klas yo dwe pèmèt sa. Se pwofesè pwogresis yo ki pou pran sa an chaj anndan lekòl yo.

Lekòl nasyonal yo : yo mete nou dirèk dirèk anfas leta. Tou dabò, fòk gen plas. Sa ki la yo ap fè bak e gen yon move fonksyonman pase leta pa jwe wòl li. Yo pa ankadre. Yo mal peye pwofesè ak responsab yo. Kontwòl ki pou ta genyen an pa ekziste. Nou anfas yon penyen lage. Nan kad sa a, enfrastikti lekòl yo pa bon nan anpil ka e yo sichaje. Tou sa bay baz pou mennen yon travay apati enterè paran ki sòti nan klas defavorize yo. Nou dwe travay pou doub vakasyon depi li posib pou plis timoun al lekòl. Nou dwe travay pou bloke tandans ki fè yo tounen lekòl biznis, lekòl “parenn” yo blije genyen pou jwenn plas epi se kòb k ap fèt sou tèt paran yo. Menm jan ak nan prive a, nou dwe travay pou yo pèfòmman.

Lekòl kominote yo : gen kèk nan sèten zòn k ap mache e ki trè itil. Men tandans la se : ti lekòl k ap penpennen e, nan sèten ka, gwo zotobre k ap fè kòb sou tèt kominote a. Sa k ap mache yo, nou dwe travay pou konsolide yo : echanj esperyans / bon rapò. Lòt yo, nou dwe travay pou kominote a bloke move pratik yo e pran yo an men. Nou dwe batay pou nou gen lekòl **kominote** tout bon. Anpil fwa, se non an yo pote. Fòk nou gen lekòl kominote kote **se kominote a ki an chaj lekòl la e ap fè li fonksyone**. Sa mande yon lekòl sipèvize, òganize. Men sa mande tou yon kominote òganize. Fòk se lekòl kominote **travayè** yo nan zòn nan. Se sèl mwayen pou enterè travayè yo, pitit travayè yo, respekte tout bon. Lekòl la dwe patisipatif. Fòk kominote a reyèlman ap patisipe yon fason òganize. Fòk li demokratik, fòk li layik. E fòk li byen chita nan tout lòt lit travayè yo ap mennen. Nou dwe konstwi sa, nou dwe travay pou sa. Lekòl la dwe yon sant edikatif, kiltirèl ak refleksyon pèmanan apati enterè travayè yo.

An jeneral, kou yo dwe byen trese ak lavi kominote a. Yo dwe atikile ak bezwen konkrè yo, sitiyasyon konkrè yo. Listwa resan e pase a dwe yon listwa ki reyèlman pèmèt konprann dinamik devlopman peyi a, responsablite reyèl yo. Elèv yo dwe gen aksè a yon bon jan konesans siyantifik ; yo dwe ap pran dòz pou y al pote oryantasyon sa a tout kote y a va ye e remanbre kilti peyi a.

Pou mennen tout **BATAY** sa yo byen, angajman paran yo enpòtan anpil. Angajman kominote a esansyèl. Lekòl la dwe devlope nan kad konstriksyon **ALTÈNATIV GLOBAL PA NOU**.

Kalite lekòl sa yo ap devlope nan divès zòn. Nan Batay Ouvriye, an patikilye, nan divès kote nou akonpaye, oryante, apiye mobilizasyon travayè yo nan pran lekòl sa yo an men, sa mache. E sa gen pou mache pi byen toujou. Apati eksperyans sa yo, nou dwe debouche sou yon lòt gwo batay nasyonal : **konsepsyon lekòl primè a APATI ENTERÈ TRAVAYÈ YO E APATI ESPERYANS KI FÈT YO**. Nan sa, lekòl kominote yo dwe travay pou konte sou pwòp fòs yo, men se lòt aks lit yo e avansman yo, k ap pèmèt nou rive la.

Nan nivo **lekòl segondè** yo, gen menm diferans ant lavil ak nan zòn rural yo. Pou zòn rural yo, pwoblèm lan poze yon fason brital : PA GENYEN ! Ti ponyen elèv ki rive sètifika blije al nan lòt zòn ak tout konsekans sa genyen pou paran yo. Nan vil yo, gen lekòl segondè, men yo ensifizan. **Lise** yo ensifizan.

Nan nivo segondè a, n ap gen pou non sèlman fè deba pou chanjman men, la tou, esperyans apati enterè travayè yo dwe bay baz pou pèmèt vanse. Batay kont lekòl bòlèt yo, biznis yo, dwe mennen ak fèmte ; batay pou yo peye pwofesè yo kòm sadwa kit se nan prive, kit se nan lise, dwe vanse. Batay kont pratik pou kase ponyèt paran yo dwe vanse tou ; batay kont ekolaj twò wo k ap kontrarye nou chak ane a ; batay kont frè antre (louvè ou degize), dwe vanse. Tou sa mande òganizasyon paran, li mande òganizasyon elèv yo nan lekòl yo: òganizasyon paran ak elèv ki pa anba lòd direksyon.

Sou kote sa, fòk gen yon lòt konsepsyon lekòl segondè, kote nou klè kote nou prale ak li, nan ki enterè. Nou dwe klè ni klas dominan yo, ni enpèyalis yo pa gen enterè nan transfòmasyon sa yo. Se apati enterè pa nou nan mas popilè yo, apati enterè travayè yo nou ka e nou dwe vanse. Nou dwe klè tou sa mande travay pou yon lòt leta, nou dwe klè tou sa mande batay kont plan neyoliberal la, kont okipasyon an, nou dwe klè lit sa a dwe byen trese ak tout lòt lit global yo, sidetèminan kou patikilye. Fòk edikasyon an gen yon lòt plas reyèl nan sosyete a e, pou sa, fòk bidjè a nan yon konsepsyon kote enterè travayè yo bay baz pou bloke tout gaspiyaj, patikilyèman nan moman gaspiyaj kote politisyen abolotcho yo ap itilize ministè yo pou fè kanpay.

Yon oryantasyon konsa, nan kad nesosite lòt lit, ap mande nouvo lwa. Nou dwe goumen pou yo tou. E la ankò nou pap tann leta sa a : nou dwe pran inisyativ e batay pou rache sa nou dwe rache.

Aprè nivo segondè a, nou touche sila **inivèsite** a. La tou, plen pwoblèm. Pandan tout peryòd aprè Jan Klod Divalye fin ale a, sèten eleman ki konpoze inivèsite a (etidyan ak pwofesè an patikilye) te leve kanpe kont mekanism fonksyonman akayik divalyeris yo te mete an vigè yo. Vreman vre, lè a, se te prezidan peyi a ki te chwazi rektè, dwayen, pwofesè... ata etidyan te dwe gen sètifika “bonne vie et moeurs” pou kapab rantre nan inivèsite a e sa ki te vle reyisi yo te dwe gen bon jan “parenn” pou reyisi ni rantre, ni jwenn diplòm. Batay etidyan ak pwofesè pwogresis yo mete yon fen nan sa. Li pa t fasil: plizyè move zangi te pwofite lit sa yo pou chache mete tèt pa yo avè menm jan an. Fòk yo te rive dechouke yo tou pou pwosesis demokratizasyon an te ka rapouswiv.

Fòn n di: tout batay sa yo te apiye sou mouvman lit jeneral ki te genyen lè sa a nan peyi a, an patikilye mobilizasyon popilè yo. Nan sans sa a, mobilizasyon inivèsite yo te fè pati ansanm mobilizasyon moman an. Pafwa, nou kapab di yo te menm konn rive aktive pwosesis jeneral la, pandan yo t ap toujou apiye sou mobilizasyon popilè an.

Mouvman global sa a pèmèt eklate estrikti akayik, obskirantis ki te la yo: asanble miks ant etidyan ak pwofesè mete sou pye nan tout fakilte, yon Konsèy inivèsite rive ekziste e fonksyone, kote etidyan, pwofesè ak diferan direksyon yo reprezante. A tout nivo, se nan eleksyon yo chwazi divès responsab yo.

Jounen jodi a, tout sistèm sa a an kriz. Ni nan fakilte Etnoloji gen kriz, ni nan Ekòl Nòm, ni nan Agwonmi... lòt yo pa pi bon: yo retounen ap fonksyone plizoumwen menm jan an, etidyan yo pa satisfè, pwofesè yo plizoumwen bay vag, anpil gagòt nan direksyon administrativ yo, asanble miks yo pa fèt ankò, kourikoulòm yo rete chèch, ata anba direksyon laboujwazi sanzavni nou konnen an divès òganizasyon etidyan al foure tèt yo nan kad GNB. Aktyèlman, mouvman an ap pyetine, li epapiye, san oryantasyon e gen yon demobilizasyon jeneral, yon dekourajman.

Plizyè rezon lakòz milye sa a atenn dejeneresans l ap sibi a. Tou dabò, se fondamantalman apati dominasyon plan neyoliberal enpeyalis yo ak klas dominan yo ansanm ak gouvènman sousou-reyaksyonè yo a vle foure nan gagann nou. Jan nou t ap fè parèt deja klèman, plan sa a pa bezwen moun k ap panse vre

(se lòt bò sa ap / sa dwe fèt), kidonk kontni kourikoulòm yo rete statik, yo kontinye akayik, yo pa evolye, ale wè pou yo ta alavangad yon sityasyon. Pi rèd, plan sa a pa vle pou oryantasyon refleksyon anivo sa a ta chita sou difikilte pwofon peyi a: se senp teknisyen li dwe fòme. Osito premye lit yo ranpòte laviktwa, inivèsite etranjè reyaksyonè yo, men sitou anbasad gouvènman enpeyalis yo isit, ranmase eleman pi dinamik yo, ba yo kèk ti favè, avantaj, bous, fasilite diferan direksyon jwenn fon pou rekonstriksyon kèk batiman, pèmèt sèten fakilte jwenn yon alemye onivo teknik (sal òdinatè, bibliyotèk, oditoryòm...) epi lit yo fennen la menm. Otosatisfaksyon an layite kò l, aspè mekanik ak fòmèl avanse yo vin pran pis enpòtans, pandan nouvo jenerasyon etidyan ki t ap parèt ofiyamezi yo vin elwwaye de lit yo, alyene.

Okipasyon peyi a vin met absè sou klou: sidetèminans faktè esansyèl sa a frape tout konpozant ki ta vle pwogresis osnon ki bezwen, ki gen nesosite yon dinamism pwogresis pou li fonksyone. Inivèsite a pa epaye.

Yon lòt rezon, sepandan, se paske mouvman lit etidyan ak pwofesè yo pa t rive vini ak okenn kontni nouvo nonplis. Repezantan tiboujwazi sa yo te pipilis rete sou solisyon mitije, opòtinis. Pi fò nan diferan militan peryòd gwo lit sa yo, pral rejwenn kan dominan an ase fasilman, swa nan prive, swa nan leta, san janmen goumen la nonplis pou yon oryantasyon popilè konsyan, soutni, solid. Depi nan epòk lit inivèsite yo, oryantasyon ki t ap pote enterè mas popilè yo devan (ni nan kesyon pri pou peye, ni nan lefèt pou edikasyon an dwe “gratis e ak kalite”, ni sou kontwòl leta dwe genyen, inivèste leta a dwe genyen sou sila prive yo...) pa rive ranpòte laviktwa, menm si li rive pèmèt reyalize sèten aki, menm si lit yo rive bloke sèten oryantasyon reyaksyonè. Men, piti piti, se yon opòtinism ra tèki vin ap egziste. Pa genyen pyès preyokipasyon konkrèt pou katye popilè yo, pou konfli nan izin, sou kesyon pwopriyete latè, elatriye... ni menm lavni peyi a, ale wè pou enterè travayè yo ta devan, ale wè pou yo ta apiye enterè travayè yo kont boujwa ak grandon. Anfèt, “naje pou soti “ a te deja alòddijou pou ti boujwazi sa a ki t ap defann enterè pa l ase. Se sa ki rete. Youn nan kote nou ka wè sa klèman, se nan lefèt “tout konpozant” inivèsite a, pa janm rive enkli ni nan òganizasyon l, ni nan deba, ni nan priz desizyon, travayè nan sèvis ki la yo pa egzanp (mesaje, chofè, gadyen, ti apnplwaye administrasyon...)!

Nan kontèks sa a, rechèch la, ki se yon eleman fondamantal anivo sa a, pa fè pati okenn kourikoulòm tout bon (si aktyèlman y ap pale fè l egziste, se san yon bidjè serye, san kapasite reyèl pou yon rechèch pwofon, jeneralize – la ankò, sa ranvwaye nou a kesyon fondamantal leta / lòt leta a); atikilasyon ak lye repwodiksyon mas popilè yo pa egziste, menm kant sèten etidyan ki viv nan katye sa yo tou mande sa. Si l fèt, se yon fason fòklorik, teknisis, lè se pa kareman elitis, asistansyalis. Sila ak lopital yo redyi a yon minimòm, ankò yon fwa san kapasite reyèl...

Pwosesis lit sa a pa fèt san kontradiksyon sepandan. Sèten nan òganizasyon lit demokratik etidyan, pwofesè te mansyone oryantasyon sa a nan diferan tèks yo te pwodyi. Sèlman, oryantasyon sa a pa rive ranpòte laviktwa. Fò n ta retounen sou tèks sila yo, fò n ta tounen sou prensip de baz yo t ap chache tabli yo, pou relanse batay la, nan enterè peyi a, nan enterè travayè yo, nan enterè mas popilè yo. Jounen jodi a, blokaj jeneral la mande sa, li egzije yon desizyon pi radikal, pi klè. Preyokipasyon an egziste; sèten eleman konsyan, radikalize konprann sa; nan sèten fakilte deba ap fèt sou sa; a dòt nivo, kritik la reparèt, refi a ap boujonnen, men tantativ yo avòte, oswa disparèt, yo rete fèb. Rete pou konsyans sityasyon global la ansanm ak atikilasyon nesèsè yo tabli, rete pou enterè mas popilè yo pran devan tout bon fwa sa a: rete pou BATAY la relanse sou de nouvo baz!

Fòk nou **rekòmanse egzije yon inivèsite gratis e ki gen kalite ki pi wo a!** Kote **kourikoulòm** yo alawotè ni pwoblèm peyi a, ni sityasyon mondyal la nan totalite l, nan dinamism li. La ankò, l ap enpòtan konble menm reta ak lekòl yo pa rapò a peyi etranje pi avanse yo. Lit sa a pral mennen nou klèman anfas leta men li pral mennen nou tou anfas tout pwofesè “bay vag” yo, pouryanis yo, ansanm ak sila ki vini nan inivèsite, ak tout “konsiltan” yo, pote plan neyoliberal la, oswa sila ki soti pou tounen ak menm metòd akayik, abitrè yo.

Sou kote adekwasyon ak dinamizasyon kourikoulòm lan, **rechèch** la fondamantal. Yon rechèch serye, pwofon, akse sou debloka sityasyon bloke nou an menm, nan enterè peyi a. Fòk gen bidjè pou li. Fòk gen nwayo responsab nan tout fakilte yo ansanm ak nan rektora a pou mete li sou pye tout bon. Rechèch sa a dwe atikile ak sila tout kalite enstitisyon ak òganism ki bay popilasyon an sèvis, kit prive kit piblik.

Tou sa mande **BATAY!** Tou sa mande batay **OGANIZE!** Tou dabò, fòk travayè sèvis ak administratif inivèsite a enkli tèt yo, yon manyè òganize, nan tout revandikasyon milye a ap pwodyi an atikilasyon ak tout rès konpozant yo. Fòk pwofesè yo yo menm konprann se travayè yo ye tou, travayè yo ye anvan tout bagay: nan sosyete n ap viv lan, yo se **travayè anseyan**, responsab transmisyon e dinamizasyon konesans la nan sans ki pi laj e pi serye li. Ansanm ak tout lòt **travayè entelektyèl** yo, nan kad pratik yo, yo gen pou kontribye nan konseptyalize lavni kan pèp la, nan kad batay li, nan pwosesis liberasyon l menm, nan kad konesans li, nan kad kosntriksyon konsyans li. Konsa, atikilasyon lit yo ak sila tout kalite travayè, ni nan chan inivèsite a, ni an jeneral, dwe fèt klèman, antanke prensip inite, nan kad lit la, pou lit la, san presipitasyon men san trennen nonplis.

Nan kad lit patikilye ki touche yo piplis, diferan konpozant inivèsite a, ansanm, lè sa a, ak tout travayè yo, va abòde e rive mennen ak fòs nesèsè a lit global sidetèminan ki mare ponyèt tout kan pèp la, **KAN** nou an.

6. SOU KESYON SANTE

Se yon sèvis fondamantal. Men nou ka di, globalman: kèlkanswa zòn n ap konsidere a, lavil kou nan milye riral, gen gwo pwoblèm. Se youn nan kesyon kote esklizyon an parèt pi fò. Nan zòn riral yo, lasante se yon bagay ki prèske nil onivo ofisyèl leta. Pa menm gen sant sante nan yon bann seksyon riral. Menm kant ta genyen, li t ap mal ekipe, mal peye e li pa rantab. Nan vil yo, patikilyèman gran vil yo, gen plizyè klinik e gen kèk gwo lopital. An jeneral, gen lopital piblik/leta yo k ap mal fonksyone anpil, san ekipman, e prèske nan chak zòn gen yon tandans reyèl k ap devlope : privatizasyon an katimini. Nan sèten vil, gen kèk lopital “etranje”. Yo gen yon ase gwo itilite. Men, non sèlman yo gen limit yo, men yo nan yon politik sante neyoliberal, konsa yo gen yon enpak negatif ki nan lojik fonksyònman klas dominan yo. Yo rantre nan kad repwodiksyon yon fòm depandans, yon fòm dominasyon. Pou yo ta reyèlman rantab, fòk ta gen yon lòt politik sante. Sou yon lòt bò, sepandan, e pou evite tout amalgam, nou dwe siyale koperasyon Kiben yo ki pote yon gwo kontribisyon nan rezoud pwoblèm sante nan sèten zòn. Menm kant gen sèten atikilasyon ki te ka fèt ak yo pou ekilibre entèvansyon yo e, sitou, kontribye nan kreye endepandans fòmasyon sosyal la sou kesyon sa a. Men, la ankò, sa ranvwaye nou a pwoblèm lòt leta a.

Kesyon sante a gen 2 kategori : enstitisyon prive yo ki se biznis ak enstitisyon leta yo. Nan kad aks oryantasyon neyoliberal la, enstitisyon piblik yo rantre piplis nan yon angrenaj kote y ap degrade piplis chak jou e yo pa gen ankadreman, ni lojik pou remanbre yo. La ankò, sa parèt aklè nan bidjè nasyonal la. Sa mete nou devan 2 kalite batay : sou yon bò, kesyon bidjè a e, sou yon lòt, rezon ki fè leta dezangaje tèt li a e bay vag sou kesyon an pandan l ap fè demagoji plan neyoliberal la mande l fè. Kidonk, se menm batay global la.

Nan **prive** a, nou anfas menm pwoblèm pri k ap monte san kontwòl pou moun jwenn sèvis. Globalman, kesyon sante a selektif, elitis, esklizif. Youn nan faktè ki kontribye nan sa, se fonksyonman enstitisyon prive yo, kit se klinik, kit se ti lopital. Pri yo, se pri gwo majorite nan vil yo pa ka menm pwoche. Nan kad esklizyon an, zòn riral yo, yo menm, totalman meprize. Si gen yon fonksyonman prive, se chalatan e sèten moun ki nan medsin tradisyonèl ak tout limit ki mache ak yo. Nan yon sityasyon konsa, youn nan batay nou dwe mennen se kont esklizyon an. Nou dwe fòse rekonèt li kòm yon gwo pwoblèm.

Nan zòn riral yo, **tout travayè konsyan dwe konnen li pa oblije konsa e fòk li chanje**. Men sa mande gen yon politik leta sou kesyon sante a ki dinamik. Fòk leta defini fòm pou li angaje kad teknik k ap pòte

solisyon a pwoblèm lan. Sa valab kit opwennvi klinik, kit opwennvi laboratwa. Sa mande yon priz an men ki dwe bay bidjè a yon mak fabrik kote yo konsidere kesyon an seryezman.

Tout kesyon sa yo ka mande deba, yo mande lwa tou. Nou dwe lite pou tou 2 aspè sa yo, kidonk pèmèt lòt ALTÈNATIV POSIB la jèmen, parèt, devlope. Sa mande yon travay an direksyon kad teknik yo dirèkteman. Sa mande pwogresis yo ranmase kalite lit sa yo e travay pou yo.

Nan nivo **leta a, li nesèsè gen yon politik sante piblik klè ak mekanism konkrè pou aplike li, fòse aplike li**. Nan sa, kesyon prevansyon divès kalite maladi, dechoukaj maladi andemik yo, bare wout a divès epidemi. Sa mande detèminasyon pou vanse nan sans sa a depi kounye a. Men sa mande tou rechèch e aplikasyon rechèch yo ak lòd epi sistematizasyon. Li mande tou yon pratik vilgarizasyon ki pa limite a vil osnon ak kèk pwogram letranje enterese nan yo. Se la tou yon politik ki mete prive a nan batay an pèmanans enpòtan.

Pou zòn rural yo, nou pa ka lese “relè” a nan men ONG, menm lè genyen, yo pa ka e yo pa dwe ap fonksyone nan yon otonomi total. Dwe gen yon kontwòl leta sou yo e yo dwe rantre nan kad politik, plan global la. Fòk gen dispansè ak sant sante ki jwe wòl relè a.

Nou dwe batay pou leta pran responsabilite li. Fòk yo restriktire lopital ki deja la yo, fè yo mache byen, ekipe yo. Men sa dwe mache ak batay moun k ap travay nan lopital yo pou yo jwe yon wòl nan pèmèt yo mache. E fòk leta peye yo regilyèman e byen. Sa mande yon deba reyèl sou salè yo.

Fòk gen nouvo lopital. Bidjè a dwe pèmèt mete yo sou pye. Solidarite entènasyonal dwe ede mete yo sou pye. Tout moun dwe konnen gouvènman ki la a, moun k ap dirije peyi a, te gen opòtinite jwenn plizyè sant, an patikilye apati èd Kiben yo, yo gaspiye opòtinite a, yo pa fè anyen ak li. Sa trè grav! **Tout moun dwe konn sa e denonse sa k fèt la fò anpil! Pandan n ap batay pou sa ki te dwe bay la tounen jwenn nou!**

Pou gen nouvo lopital, fòk gen pis kad teknik. Fòk nou batay pou gen non sèlman fòmasyon nouvo kad, men tou kad entèmedyè, ki pa medyòk. Sa lye ak batay sou kesyon inivèsite a. An menm tan, fòk gen batay pou redyi e menm bloke fyit kad yo ki pral nan lòt peyi. Sa mande yon travay ideyolojik, politik an direksyon yo e fòk yo byen konsidere yo ekonomikman tou. Menm jan ak pou tout lòt aspè yo, sa mande yon lòt leta, yon lòt distribisyon resous, yon lòt apwòch solidarite entènasyonal, èd, ansanm ak itilizasyon yo. Lesperyans montre tou sa dwe mache ak lit kont koripsyon, kit andedan leta a kit onivo ONG yo kit nan prive a.

Nan ansyen lopital yo, li nesèsè nou anvizaje devlopman òganizasyon yo apati yon vi klè sou Kan Pèp nou dwe konstwi a e solisyon nou dwe pote apati enterè li. Fòk gen òganizasyon travayè yo, òganizasyon medsen yo, òganizasyon lòt kad teknik yo, nan yon lojik kote yo soti nan pwoblematik sèvi enstriman pou lit boujwazi a li menm e ki, lè sa a, ap maske e devye lit ant klas yo.

Kesyon sante a mache ak rechèch. Rechèch la, jan nou deja mansyone l, dwe gen plas li nan inivèsite a, men nan lopital yo menm tou, nan sant medikal yo, nan sant prive yo... Fòk gen yon politik ki defini l ak presizyon. Se la tou nou dwe favorize devlopman medsin “tradisyonèl” la. Se yon baz pou devlopman rechèch la tou. Sa mande yon politik kote n ap mete sou pye estrikti pou sa, sa mande depatman anndan inivèsite a ki konsantre sou sa, sa mande atikilasyon ant inivèsite a e medsen “tradisyonèl” yo menm. La, li nesèsè mennen batay pou fòmasyon kad entèmedyè yo. Se sa k ap pèmèt yon priz an men e yon devlopman reyèl apati enterè travayè yo, mas popilè yo. Nou dwe goumen pou li.

Gen yon sant sante nou dwe konsidere yon fason patikilye: se lopital OFATMA a. Li konn lye dirèkteman ak izin yo e, nan sans sa a, menm si li pi laj, li konsène klas ouvriye a. Nou dwe lite pou inifye sèvis ki prive a ak sa ki pa prive a nan li e rive a yon lopital ki gen yon nivo jeneral asepat pou tout moun. Pou sa, fòk gen entèvansyon dirèk leta. Fòk yo travay non sèlman pou ranfòse li men elaji li a lòt zòn nan yon politik

sante inifye. Sa mande batay. Fòk li mennen anndan enstitisyon an, globalman e fas a leta. Fòk yo gen plis randman e pi demokratik. Nan tou sa, li klè se pa ka menm vòlè yo, menm abolotcho yo ki nan direksyon sant sa yo, ni menm estrikti kowonpi yo k ap kontinye fonksyone.

Sou yon lòt bò, kesyon sante a mennen a lekòl. Yo ta dwe fòse gen medsen ki atache a lekòl yo. Fòk li serye. E fòk yo genyen sèvis sa a a yon pri minimòm. L ap mande sipò leta. Fòk leta travay pou defini e bay li. Men li dwe depann de kantite kòb lekòl la ap pran sou elèv yo tou.

Menm jan ak nan lekòl yo, fòk gen yon apwòch sou kesyon sante a nan divès kote moun ap travay, patikilyèman izin yo. E fòk leta kontwole li. An menm tan, dwe gen patisipasyon òganizasyon anplwaye yo, ouvriye yo, nan defini li. Nan izin yo, se yon pwèn ki dwe klèman nan kontra travay kolektif yo. Non sèlman dwe gen premye swen nan lye travay la ak yon ekip medikal atache a lye a men dwe gen posibilite pou mennen yon moun ki ta fè yon aksidan travay serye nan lopital rapidman. Sou kote sa, fòk gen yon asirans a pri redyi pou fanmi anplwaye a, ouvriye a. Dwe gen yon medsen ansanm ak yon ekip medikal, minimòm men kapab, ak tout aparèy e medikaman disponib pou fè fas a ijans, ki atache a lye travay yo.

Yon lòt aspè nan batay ki dwe mennen an se fas a divès ONG ki angaje nan kesyon sante yo. Dwe gen batay pou yo fè sa yo sanse fè. Nou dwe batay pou fòse yo aji. Sa mande rapò dirèk ak yo sou teren yo. E si yo refraktè, li ka rive yo gen pou entèdi yo fonksyone nan sèten zòn. Sa dwe mache ak denonsyasyon pi global. Lit sa a dwe byen chita nan mitan lit global pa rapò a ONG yo. **Nou dwe vijilan e kanpe anfas pwojè k ap ogmante depandans nou pi rès.** Tou sa dwe mache ak batay pou TRANSPARANS. Kontradiksyon nan leta a dwe ede nou nan sa. Batay fas a a ONG yo sou kesyon sa a gen yon gwo enpòtan nan sèten zòn riral. Nou dwe vanse ladan li 2 pye fèm.

Lasante mache ak kesyon medikaman an : nou dwe lite pou yon kontwòl reyèl famasi yo, ni pa rapò a lajan demezire y ap fè moun peye (lajan demezire anwo soufrans malad), ni pa rapò a pwodyi avarye y ap mete an sikilasyon, ni pa rapò a fonksyonman boutik yo genyen an ; yo pa gen kapasite fonksyone kòm famasi. Men, la ankò, fòmasyon kad entèmedyè yo nesèsè pou sòti nan fonksyonman boutik la.

Pou nou fini, n ap di kesyon sante a lye ak kondisyon lavi nou, nan katye nou, kote n ap travay... Kidonk se yon aks ki remennen nou nan reyalite global nou. **Li mete nou anfas de moun ki reskonsab sityasyon nou ye a globalman.** Li enpòtan nou toujou replase tout lit pasyèl nou yo nan kad lit global kont reskonsab klas dominan yo an jeneral ansanm ak enpeyalis yo, sitou ak plan neyoliberal y ap foure nan gagann nou an e okipasyon yo vle fè n vale tankou si se ede militè gwo ponyèt sa yo ansanm ak politisyen arivis entènasyonal sa yo te vin ede nou vre. Menm jan ak tout lòt aks yo, sa mande gwo **batay**, gwo **mobilizasyon**. Fòk nou pran reskonsabilite nou.

7. NATI MONDYAL KLAS OUVRIYÈ A - ASPÈ ENTÈNASYONAL LIT GLOBAL LA

Avanse enpeyalism lan, deplwaman atak enpeyalis yo rive anvayi tout planèt la jounen jodi a. Se tout kote y ap vòlè resous natirèl yo, se tout kote y ap chache tabli dominasyon yo dirèkteman. Sèten moun pale, tandansyèlman, de yon nouvo peryòd kolonyal ou semi kolonyal. Bank Mondyal tankou FMI etann dominasyon yo sou tout planèt la, dirèkteman oswa endirèkteman. Dèt la, se yon maleng pou tout peyi domine yo. Kapital finansye a ekspòte tèt li tout kote, ansanm ak tout pwoblèm li pote nan kad sistèm kapitalis lan menm. Ki fè kriz kapitalis la afekte tout ekonomi nasyonal e nou menm peyi domine yo, se nou ki pral sibi piplis. Boujwazi entènasyonal la, atravè transnasyonal yo e jeran sousou yo, esplwate travayè tout peyi, nan kad pwòp lojik mondyal pa li.

Aks lit nou rete sou yo yo jouk kounye a, se piplis andedan peyi nou an yo ye. Men sityasyon mondyal la egzije nou trè klè sou lefèt sityasyon chak peyi ap deplizanpli depann de sityasyon global mondyal la.

Aspè global mondyal la ap vin deplizanpli sidetèminan. Kidonk, pratik nou dwe byen trese ak sila militan lòt peyi ki konprann rapò sa a tou e deja ap batay nan kad sa a menm (kesyon okipasyon Ayiti an e lit kamarad Amerik latin yo, se yon egzanp). Men li enpòtan tou pou nou byen konprann: klas ouvriye a, se yon klas ki, **nan nati l menm, MONDYAL.** Menm jan ak kapitalism lan ki pral vin atenn faz enpeyalis avanse li te deja genyen karakteristik mondyal la depi nan jèm li, klas ouvriye a tou se yon klas mondyal depi nan jèm li, nan nati l menm. Se pa menm jan ak grandon yo oswa ti peyizan yo, se pa menm jan ak granmanjè yo, se pa menm jan ak tiboujwazi a. Klas ouvriye a, nan nati li menm, se yon klas entènasyonal. Nan sans sa a, **BATAY** klas ouvriye a, dwe toujou enkli karakteristik sa a, li dwe toujou yon batay **ENTÈNASYONAL.**

Nou menm, n ap travay nan nivo lit demokratik klas ouvriye a. Se sèten, nivo sa a gen limit li. Li pa pèmèt afwonte, nan tout enplikasyon li, atak kapitalis yo; li pa pèmèt rezoud yon fwa pou tout antagonism fondamantal e definitif ki egziste ant kapitalis yo e nou menm ouvriye yo. Men li rete yon nesosite. Se yon nivo pou pèmèt reyalize enterè imedyà klas ouvriye a. An menm tan tou, se yon lekòl pou klas la. Se yon chan ki bay baz pou pèmèt lòt nivo yo ranfòse tèt yo, devlope yo.

Jounen jodi a, ak yon kapasite minimòm ki ka travay pou reponn a reskonsabilite ki parèt devan li, reyalite pwòp li menm li konstwi nan batay li menm, klas ouvriye mondyal la ap travay pou pote nan nivo demokratik la altènativ ki koresponn a enterè li. Menm jan ak lite kont tout fòm popilism lan, sa mande nou lite pou travayè yo pa tonbe nan pyès “3èm vwa” (ki se, anfèt, direksyon tiboujwazi a onivo mondyal); sa mande nou lite kont tout òganizasyon kolaborasyonis: **sa mande relanse, inifye lit otònòm travayè yo, klas ouvriye a.**

Sa mande lite pou jete baz ki pèmèt **depase nivo demokratik la,** apati konsyans blokaj lit demokratik yo yo menm pote, apati lefèt lit sa yo toujou rete nan limit dominasyon boujwazi a, limit demokrasi boujwa a pèmèt, nan enterè boujwazi a. Sa mande lite pou jete baz pou depase limit nivo demokratik la ki fèmèn lit yo nan limit nasyonal yo, nan limit fòmasyon sosyal yo, menm si yo genyen pou mennen la tou an lagan.

Nan nivo demokratik la, ak tout limit li, n ap lite pou inifye lit yo apati enterè klas ouvriye a, paske **se enterè klas ouvriye a ki, entrensèkman, mondyalman fè youn,** menm si, nan moman an, ka gen defazaj nan devlopaman ak pratik diferan detachman klas la nan diferan peyi yo. Se sa k fè, apati klète konpreyansyon-konsyans sa a, nou bay prezans nou onivo entènasyonal yon gwo enpòtans. Men, pou nou, youn nan aks lit pi pèmanan nou, se preziman **PÒTE LIY KLAS OUVRIYÈ A, anfas tout sa ki gen tandans deye l oswa vle ranplase l, refòme l e, konkrètman, ap objektivman fè travay klas dominan yo,** menm kant yo apiye sou teyori klas ouvriye a pou chache jistifye devyasyon yo e, konsa, pran direksyon lit yo yo menm. Men, an menm tan, n ap pote kontribisyon nou nan bati òganizasyon ki ka pèmèt kowòdone lit travayè yo tout bon, nan enterè reyèl travayè yo, klas ouvriye a. E n ap travay konkrètman pou mete li sou pye nan yon pratik ki koresponn a sa ki nesèsè nan chak moman.

Pran reskonsabilite nou onivo entènasyonal e pòte liy klas ouvriye a la, se yon apwòch ki, pou nou, kòrèk. Nou envite tout ouvriye, tout travayè, tout pwogresis konsekan rantre nan li ak tout detèminasyon nesèsè a. Prezans sa a, se yon prezans pou yon lit pèmanan, louvè, deplizanpli laj, kowòdone, inifye, pou li debouche sou yon atikilasyon byen panse an menm tan ke dinamik, ak lit onivo nasyonal yo, nan enterè fondamantal klas ouvriye a.

8. LIT IDEYOLOJIK

Fòk nou menm nan Kan Pèp la nou pran konsyans SE NOU KI POU RESKONSAB PEYI A, klas dominan yo ansanm ak diferan kalite reprezantan yo nan tèt leta a fin FÈ FAYIT, yo demisyone. Sèl oryantasyon yo, se konte sou letranje, kwi nan men; sèl atitid yo, se rann tèt yo, vann peyi a pou ti kras lajan. Nan sa, enterè reyèl global nasyon an pa preyokipasyon pa yo, ale wè pou se ta yon oryantasyon, yon devlopman ki ta koresponn tout bon ak enterè mas popilè yo, travayè yo.

Pou nou, devan sitiyasyon evidan sa a, pa gen 2 solisyon: SE SOU PWÒP FÒS NOU POU NOU KONTE! E se pou sa nou ensiste sou YON LÒT LETA a. Vreman vre, pouriti ki la a an dekonpozisyon pèmanan: tout manm ki nan leta sa a, se debat y ap debat nan ma labou a pou chache siviv nan labouyi santi yo a. Nou menm, fòk nou pa pwoche pouriti sa a. Fòk obligatwaman nou mete sou pye òganizasyon otonòm nou, pou defann enterè otonòm nou, nan objektif konstwi ATÈNATIV OTONÒM NOU!

NOU KAPAB ! Pou sa, li nesèsè nou opere yon TRANSFÒMASYON IDEYOLOJIK SOU PWÒP TÈT PA NOU. Yon premye travay nou dwe fè, se konstwi KONFYANS NAN TÈT NOU. Se yon BATAY li ye tou. Youn dwe kore lòt nan sa, youn dwe vanse ansanm ak tout lòt nan KAN pa nou an. Nou kapab. Nou klè sou sa. E nou dwe vanse san ezitasyon.

Nou dwe denonse wòl leta a, medya leta yo ak tout sila k ap apiye pwosesis sa a e k ap bay “èd” ak solisyon kwi nan men an piplis enpòtans. Menm jan an tou, fòk nou denonse ak fòs wòl politisyen rabi yo, k ap bay tèt yo valè nan fè nou kwè se yo ki ka “fè pou nou”.

Yon lòt aks nou dwe travay sou li se : NESESITE BATAY, NESESITE KONBATIVITE. Pa ka gen okenn fòm reziyasyon nan nou menm, pa ka gen “pito nou lèd nou la”. Nou dwe klè e pèmèt tout moun klè pa gen lòt solisyon apa BATAY. Lavi nou se travay men se BATAY tout tan tou. Nou dwe travay pou plis moun konprann pa gen solisyon andeyò lit pa nou, nan otonomi nou, sou baz konfyans nan tèt nou, sou baz konfyans nan nesosite batay. Nou dwe travay pou devlope, konsolide detèminasyon nou ak lespri **inite** nan mitan nou, anfas responsab sitiyasyon an, reyaksyonè tout plim tout plimaj k ap paweze yo, pandan yo tout san trip, san nannan.

Avèk yo, **pa ka gen mank e melanj!** NOU PA KA NAN FÈ ANYEN AK YO! Nou sou yon bò, yo sou yon lòt. Okenn mistifikasyon pa dwe fè nou rantre ni nan swiv lènmi an ni nan kolaborasyon avè l ni nan bouyi vide avè l. Nan batay la, gen yon aks klè, fondamantal: **OTONOMI NOU!** Menm kant nou ta gen yon pratik ki dwe ap fèt andedan vant yo, se nan konsepsyon yon **kontrepwa** sèl li ka e dwe mete sou pye. Ankò yon fwa, nan otonomi total nou. An reyalite, se yon lòt fòm lit nou ap pran.

Nou dwe travay pou devlope yon **lespri responsablite pa rapò a klas nou an, lit klas nou an, lit kan nou an e pa rapò a peyi a**. Nou dwe soti nan tout demach kote nou fèmen sou tèt nou, sou pwoblèm pa nou sèlman. Se nan lit pou **fè fas** a pwoblèm yo e reyalite **kolektiv** n ap viv la k ap pèmèt nou atake korèkteman e tout bon tout pwoblèm nou yo.

Nan tou sa, fòk nou goumen kont tandans ki fè kwè y ap vin fè pou nou an, kwayans fòk gen yon lidè, kote, finalman, se li k ap montre nou kòman pou nou fè; nou menm, n a va dèyè li. Kalite demach sa a ap afebli nou anpil. Nou dwe **reyèlman** kwè nan **FÒS KOLEKTIV NOU** e pati de la pou nou travay pou kontinye konstwi l, konsolide l, NAN BATAY. Tout politisyen, ansyen kou nouvo, k ap parèt ak menm prensip akayik e santi sa yo, **se VOYE YO NAN BWAT FATRA LISTWA !**



**LITE!
ÒGANIZE!
N AP VENK
SOU TOUT TERENCE!**

KONKLIZYON

Youn nan remak enpòtan nou dwe fè apre nou fin rete sou aks lit sa yo, se: tout aks sa yo mete nou devan yon pratik ki gen yon gwo konfli ladan l e ki egzije yon gwo **desizyon**.

Se vre, pratik la te deja pa t piti, men RANTRE NAN BATAY OTOU AKS LIT SA YO, ak sistematisite, ap mande plis e plis ankò. Pòte global pratik yo, karaktè nasyonal yo, ap mande plis toujou. Tach yo ap anpil serye e nou dwe byen presize yo, m,etrize yo. Avansman pratik yo ap mande yon **direksyon** trè fèm. Se BATAY nou te deja ap BATAY, men konstriksyon sa a ap mande plis angajman toujou, l ap mande rantr nan piplis BATAY. Si nou te nan yon faz kote gen yon lòt leta, sa t ap ede nou. Men nou pa la. Kidonk, se **NOU, TRAVAYÈ**, ki pou pran **reskonsabilite** nou, sou bò pa nou, sou do pa nou, otonòm, kont tout fòs reyaksyonè yo, ak alyans nesèsè yo, pandan, prensipalman, n ap **konte sou pwòp fòs pa nou**.

Rantr nan goumen otou aks lit sa yo, dwe mennen nou presize yon **PWOGRAM DEMOKRATIK POPILÈ**. Li menm tou, li dwe yon **zouti** nan / pou BATAY nou, yon zouti ki dwe inifye nou plis. Se yon travay, yon pratik ki pou fèt **kolektivman**. Nou menm, n ap pran responsabilite nou nan sa.

Kontrèman ak òganizasyon ki vini an lagan ak gwo non, osnon fè gwo rale jeneral oswa plen konfizyon, ki gen yon aparans nasyonal san kapasite reyèl pou reponn ak sa y ap di yo..., ki, an fèt, se kache y ap kache peche, nou menm, n ap travay **pou travayè reskonsab yo rive kapab pran reskonsabilite istorik moman an mande yo tout bon**. Jounen jodi a, nou anfas yon bann ti politisyen an pisans, ti politisyen k ap ranje kabann yo pou, an dènye analiz, al sèvi klas dominan yo ak enpeyalis yo, yon pil ak yon pakèt ti politisyen abolotcho k ap wè si yo ta “rekonèt” yo... Fòk nou klè sou yo, fòk nou klè sou wòl y ap jwe nan rann sityasyon an pi grav toujou, blokaj la pi difisil, kriz la pi pwofon.

Sou kote sa, ak anpil kontradiksyon, nou grandi. Nan yon fòmasyon sosyal ki bay baz fasil pou popilism lan devlope, nou toujou chache rete lwen li e, nan kad diferan aktivite nou, nou konbat li menm. Se yon lit ki pou kontinye mennen san repi. Lavi montre nou popilism la mennen nou nan yon **FAYIT TOTAL**. Nou tout travayè, mas popilè, pwogresis konsekan, nou tout ki vle goumen vre pou yon lòt sosyete, fòk nou rantr nan lit kont popilis la ak anplè sa mande, san ezitasyon. Responsabilite nou, nan moman an, se **PÈMÈT WÈ NESESITE YON ALTÈNATIV**, rive afime li yon mannyè reyèl, efikas. Kontribye nan konstwi li kolektivman, ak rigè li mande a, nan kad inite-lit-inite nesèsè a, nan objektif INITE NAN KAN PÈP LA. **Yon altènativ ki baze sou enterè fodamantal peyi a, enterè travayè yo**.

Responsabilite nou, jounen jodi a, se, avan tou, vanse nan lit yo. E, nan sa, pou sa, pran inisyativ pou vanse nan konstwi inite sa a ki nesèsè a, nan lit yo, otou aks lit yo e, tout tan, ak yon vizyon global klè ki detèmine avansman nou. Li pap fasil. Men li dwe pèmèt opere yon delimitasyon, li dwe pèmèt yon dekantasyon fèt, pou pi byen prepare nouvo lit ki gen pou vini yo, ak yon nouvo inite. Aks lit yo, se pou nou vanse. Pou tout sa ki pa dakò ak sityasyon an, vanse. Pou tout sa ki dakò vanse, vanse ak plis sistematisite, ak piplis angajman, ak meyè atikilasyon global. **AKS LIT** yo, se pou tout sa ki pa dakò e ki dakò pou vanse, eksprime yo. Kidonk, se pou **DEBA** tou. Se pou **LIT / ÒGANIZASYON / MOBILIZASYON!** Nan kad e pou meyè avansman tout lit la.

VIV LIT KLAS OUVRIYÈ A, VIV LIT TRAVAYÈ YO, VIV LIT MAS POPILÈ YO!

VIV LIT KAN PÈP LA! VIV INITE KAN PÈP LA NAN LIT LI, POU LIT LI!